ФИФI ФЫМЫГъЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГъЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№76 (23.734) ● 2018 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 21, махуэку ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Террорым пэщIэтыныкмкIэ лъэпкъ комитетым и зэIущIэр Бортников А. В. Москва щригъэкIуэкIащ. Абы хэтащ икIи къыщыпсэлъащ КIуэкIуэ Ю. А.

Террорым пэщIэтыныкмкIэ лъэпкъ комитетым и Iэтащхьэ, Урысейм ШынагъэшнагъэмкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и унафэщI Бортников Александр мэкъуауэгъуэм и 19-м Москва щригъэкIуэкIащ Террорым пэщIэтыныкмкIэ лъэпкъ комитетым и зэIущIэр. Абы хэтащ икIи къыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий.

КъЫЗЭХУЭСАХЭР хэплъащ гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэмрэ Урысей Федерацэм и субъектхэм террорым пэщIэтныкмкIэ я комиссэхэмрэ цIыхухэр терроризмэм и идеологием демыгъэхьэхьыным икIи ахэр террористхэм я дунейпсо зэгъэхьныгъэхэм хемыгъэшъым хэгъэзэуэ ирагъэкIуэкI Iэужхэм.

Зэ1ущIэм щыгубзыхуащ терроризмэм пэщIэтыным хэгъэзауэ къэрал органхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэр егъэфIэкIуэным, Iэщэ, щэхэмрэ лагъымхэмрэ хабзэм къемызэгъыу зэрызэблагъэкIыр къызэпыудыным.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

МэкъумэшыщIэхэм я зэфIэкIым хохъуэ

Дызэрыт илъэсым и щIышылэ - накъыгъэ мазэхэм кIуригъыдзу Къэбэрдей-Балъкъэрым и хозяйство псоми мэкъумэш продукцэу къалэнрыр и иджыпсту экIуэ уасэхэмкIэ сом меларди 8,2-м щIегъу. НэгъуэщIу жыпIэмэ, гъэ кIуам и апхуэдэ лъэхъэнэм елъытауэ процентыр 102,7-рэ мэхъу.

Гъэшу тонн мини 160,3-рэ (процентыр 102,5-рэ) къашащ, лыуэ тонн мин 36,7-рэ (процентыр 102,3-рэ) къалэжащ, джэдыкIэу мелуан 73,8-рэ къыщIахащ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Ухуэныгъэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэ

Нобэрэ пщэдейрэ Налшык щокIуэкI ухуэныгъэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэ. Абы утыку къыщрахьащ ухуэныгъэм ирахьэлIэ иджырей пкъыгъуэхэмрэ материал-хэмрэ, техникэр, Iэмэпсымэхэр, псэупIэ унэхэмрэ адрей ухуэныгъэхэмрэ я инженер системэхэр къызэрызэрагъэпэщ щIыкIэр.

Мы лэжьыгъэм хиубыдэу компание нэхъ инхэм я продукцэр игъэлъагъуэ, апхуэдэу конференцэр, семинархэр, зэIущIэ щхьэхуэхэр иокIуэкI.

КъБР-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмкlэ, псэупlэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъ-ныныкlэ и министерствэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Унафэ

2018 гъэм мэкъуауэгъуэм и 13-м Налшык къалэ №100-ПП

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Iуэхукlэ» 1999 гъэм мазаем и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №5-РЭ-м и 12-нэ статьям и Iыхьэ ещанэм тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмкlэ, псэупlэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъныныкlэ и министерствэм теухуа Положенэу мы унафэм щыгъур къэщтэн.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмкlэ, псэупlэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъныныкlэ и министерствэм (адзкIэ - Министерствэщ) нэхъыбэ дыдэу щылажьэхэм я бжыгъэр (хъумакIуэхэмрэ унэхэр зезыхьэхэмрэ яхэмыту) 64-рэ, къыбдэдзэкIуэ къалэнхэр игъэззэщIэн папщIэ аппаратым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым щыхухаха аХъшэм и хьэкъкIэ абыхэм я къулыкъуэхэм ятещIыхьа лэжьапщIэмкIэ мазэ фондыр сом мин 377,33-рэ хъуэу гъэувын.

3. Министерствэр хуит щIын министрым и Iуэдзэу 4 иIэну.

4. Къару имыIэжу къэлъытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Энергетикэмкlэ, тарифхэмкlэ, псэупlэм и Iэнатlэм щыкlэлъыплъныныкlэ и къэрал комитетым и Iуэхукlэ» 2017 гъэм жэпуэгъуэм и 4-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьищта унафэ №182-ПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1 Мусуков А. Тl., КъБР-м уэнышагъэр хъумэныкIэ и министр Хъубий М. Б., Уэнышагъэр хъумэным и Iэнатlэм щыкIэлъыплъныныкIэ и федеральнэ къулыкъущIапIэм и управленэу КъБР-м щыIэм и унафэщI Ахматов А. Хь., ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэмкIэ КъБР-м и щIыналъэ фондым и унафэщI Бгъэжнокъуэ З. М., КъБР-м энергетикэмкIэ, тарифхэмкIэ, псэупIэм и Iэнатlэм щыкIэлъыплъныныкIэ и министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ Мэкъуашэ А. Хь., «Аптекэ склад» къэрал Iуэхущ1апIэм и унафэщI Жыгун З. Ю. сымэ.

ЗЭIУЩIЭМ гулъытэ хэха щыхуащIащ КъБР-м и медицинэ Iуэхущ1апIэхэр, льготэ зиIэ цIыхухэр я федеральнэ, республикэ регистрэм итхэр хущхъуэ нэхъ зэпэубыдахэмкIэ къызэрызэрагъэпэщым, хущхъуэгъуэхэр учёт зэращIымрэ ахэр къызэращэхымрэ зэрыкIэлъыплъ хъыбарегъащIэ-аналитикэ системэ зэгуэтыр зэрызэтраухуэм, кьащэхуну хущхъуэхэм я уасэхэм щыщу республикэм къыпысыр и зэманым зэрыхалъхьэм.

2018 гъэр къызэрыкIуэрэ цIыхухэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыныкIэ программэр гъэзэщIэным Къэбэрдей-Балъкъэрым щытрагъэкIуэдащ федеральнэ, республикэ бюджетхэм я ахъшэу сом мелуан 440-рэ хуэдиз. Абы щыщу сом мелуани 153-р трагъэкIуэдэнущ куэдым кьемыуалIэ (орфан) узыфэхэр зыпкърытхэр хущхъуэкIэ къызэгъэпэщыным.

Хущхъуэхэмрэ медицинэ Iэмэпсымэхэмрэ къызэращIэхум, ахэр и зэманым къызэрыгъашэм тKIийуэ кIэлыплъын зэрыхуейм и гугъу щищIым КъБР-м и Iэтащхьэм къыхигъэщхьэхуКIащ: «ЩIыналъэ властым и полномочиехэм къызэрыхэзыгъэбыдэм ипкъ иткIэ дэ ди къалэнщ хущхъуэхэм я уасэхэр щхьэусыгъуэншэу щыхагъахьэу къэдмыгъэхъунУ. УэнышагъэР хъумэныкIэ Iэнатlэм щыбыдэ Iуэхущ1апIэхэр хуабжьу тKIийуэ бгъэдыхьэн хуейщ хущхъуэхэм къезыгъэшэнухэр къыхэхьным. Абы и лъэныкъуэкIэ зэгугъупхъэр ахъшэр зэгъэззхуэнырщ, уасэмрэ продукцэм и фIэгъымрэ зэрызэхуэхъуэр къэлъытэнырщ. Къапщтэмэ, а зы хъущхъуэ дыдэм зы сымаджэщым соми 100, адрейм сом 300 щиуасэу урохьэлIэ. Апхуэдэм и щхьэусыгъуэр кIэщIкIэ зэхэгъэкIын икIи ныкъусанигъэ псори гъэззкIуэжын хуейщ».

КъБР-м и Правительствэм пщэрыльэ щащIащ уасэхэр зэрагъэувым, цIыхухэр нэхъ зыхуэныкъуэ хущхъуэхэм аптекэхэм тралъхьэжыр законодательствэм къызэрезэгъым кIэлъыплъын папщIэ гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ управленэхэм ящIыгъуу ведомствэхэм зэдай лэжьакIуэ гуп къызэригъэпэщыну, мы Iуэхур зэIубз щыным хузэгъэзауэ зэфIэгъэкIыпхъэу кьилъытэхэр бадзэуэгъуэм и 20-м фIэмыкIыу къыхилъхьэну.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Егоровэ Татьянэ цIыхухэм яхуозэ

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ «Урысей зэкъуэт» партым и тхьэмадэ Медведев Дмитрий и жылагъуэ екIуэлIапIэм щахуэзащ и щхьэ Iуэхукlэ къэкIуэлIа цIыхухэм.

АХЭР къызытекIухьахэм ящыщт псэупIэм пыща гугъуехьэхэр, псэупIэ-коммуналнэ хозяйствэм ехьэлIауэ унагъуэхэр гугъу езыгъэхь лъэпощхьэпохэр, бын куэд зиIэ унагъуэм дэIэпыкъуным теухуа лъэIум.

А махуэм къекIуэлIа дэтхэнэми куэфащэ гулъытэ игъуэтащ, апхуэдэу зи Iуэхур зэхэгъэкIын хуейхэм юридическэ чэнджащэр ирагащ.

Нэхъ кууэ зэпкърыхын хуей тхьэусыхафэхэр зэрызэхагъэкIым Егоровэ Татьянэ езыр кIэлъыплъынущ.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ1апIэ.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ Чэнджащкlуэ советым и зэIущIэр. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сабийхэм я зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр къызэрызэрагъэпэщыр

ЕГОРОВЭ Татьянэ жиIащ 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 28-м кьыдагъэкIа, «Сабийхэм я зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр къызэрызэрагъэпэщыр егъэфIэкIуэныкIэ УФ-м и хабзэгъэуэ акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» федеральнэ законымрэ федеральнэ хабзэу тхупрэ зэхъуэкIыныгъэхэр зэрыхалъхьар, абы къыщыгъэлъэгъуахэр сабийхэм я зыгъэпсэхуГъуэр нэхъыбI икIи щынагъуэншэу щыным, нэгъуэщIхэми зэрятещIыхьар. Абы щыгъуэми, къэпсэлъам къызэрыкIэщIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зи гугъу ящI Iуэхум ехьэлIауэ Iэпощхьэпохэр щыIэщ. Апхуэдэущ сабийхэм я зыгъэпсэхуГъуэр къызэгъэпэщыным хуэхъунущ. Абы щыгъуэми, гъэсакIуэу яхэтынухэр тэмэму гъэхьэзыра, къыхэха зэрымыхъур.

- 2017 гъэм сабийхэм я зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр къызэгъэпэщыным республикэ ахъшэу сом мелуани 164,4-рэ трагъэкIуэдэну траухуауэ щытами, ар зэрагъэззэщIар процент 91,2-кIэщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ сом мелуани 149,9-ращ, - жиIащ Егоровэм. - Мы гъэм республикэ бюджетым сом мелуани 168-рэ къыщалъытащ икIи ныбжьыщIэ мин 13-м нэблагъэм зрагъэгъэпсэхунущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и район 13-м щыщу субсидие зрат, кьалэбгъуэм щылажьэ лагерэр зиIэр 3 хъуэу аращ. Егъэджэныгъэ Iуэхущ1апIэ 265-м ящыщу сабийхэм махуэкIэ зыщагъэпсэху лагерэр къызэгъэпэщыр 25-рэ къуедиж. Мы Iуэхум пыща гугъуехьэхэм я хэкIыпIэр кьэдгъэнэIуэн папщIэщ дыщIызэхуэсар.

КъБР-м и лэжьыгъэмкIэ, цIыхухэр ЗэпкIэкIэ къызэгъэпэщыныгъэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министр Асанов Алим тепсэлъыхьащ сабийхэм я зыгъэпсэхуГъуэм хухах ахъшэр мы гъэм къызэрагъэсэбэпыну щIыкIэм. Зи ныбжьыщIэ илъэси 6,6-м кьыщыщIэдзауэ 15-м нэсхэм я зыгъэпсэхуГъуэр къызэгъэпэщыным псоми зэхэту сом мелуан 65-рэ мин 717-рэ текIуэдэнущ. Абы щыщу сом мелуани 9-рэ мин 21,6-р республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я бюджетым иратыну субсидиещ. Илъэсым и кIуэцIкIэ сабийхэм я уэнышагъэм кIэлъыплъын папщIэ, «Лэгъупыкъу» центрым иратынущ сом мелуан 96-рэ мин 546,5-рэ. Сабийхэм махуэкIэ зыщагъэпсэхуу, тIэу, щэ щагъашхэу курыт еджапIэхэм епхауэ лэжьэну лагерхэм сом мелуани 5-рэ мин 524,5-рэ трагъэушэнущ. Министрым жиIащ КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ-зыгъэпсэхуГъуэ 25-рэ къуедиж. Мы Iуэхум пыща гугъуехьэхэм я хэкIыпIэр кьэдгъэнэIуэн папщIэщ дыщIызэхуэсар.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ Чэнджащкlуэ советым и зэIущIэр. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сабийхэм я зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр къызэрызэрагъэпэщым.

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1 Егоровэ Татьянэ иригъэкIуэкIащ Чэнджащкlуэ советым и зэIущIэр. Ар теухуауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и сабийхэм я зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр къызэрызэрагъэпэщым.

● КъБР-м и Парламентым

Сабий мин 13-м зрагъэгъэпсэхунущ

ЕгъэпсэхуГъуэм хухах ахъшэр мы гъэм къызэрагъэсэбэпыну щIыкIэм. Зи ныбжьыщIэ илъэси 6,6-м кьыщыщIэдзауэ 15-м нэсхэм я зыгъэпсэхуГъуэр къызэгъэпэщыным псоми зэхэту сом мелуан 65-рэ мин 717-рэ текIуэдэнущ. Абы щыщу сом мелуани 9-рэ мин 21,6-р республикэм и муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ я бюджетым иратыну субсидиещ. Илъэсым и кIуэцIкIэ сабийхэм я уэнышагъэм кIэлъыплъын папщIэ, «Лэгъупыкъу» центрым иратынущ сом мелуан 96-рэ мин 546,5-рэ. Сабийхэм махуэкIэ зыщагъэпсэху, тIэу, щэ щагъашхэу курыт еджапIэхэм епхауэ лэжьэну лагерхэм сом мелуани 5-рэ мин 524,5-рэ трагъэушэнущ. Министрым жиIащ КъБР-м Энергетикэмкlэ, тарифхэмрэ псэупIэ-зыгъэпсэхуГъуэ 25-рэ къуедиж. Мы Iуэхум пыща гугъуехьэхэм я хэкIыпIэр кьэдгъэнэIуэн папщIэщ дыщIызэхуэсар.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэм хэтхэм ягу кIыригъэкIжащ 2017 гъэм Май районым зыщызыгъэпсэхуа сабий зыбжанэм яшха ерыскыыр я уэнышагъэм зэран хуэхъуауэ зэрыщытар икIи щIэупщIащ ныбжьыщIэхэм я шинагъэншагъэр къызэрызэрагъэпэщырэ зэрыкIэлъыплъ щыкIэмрэ. Асановым жиIащ зыгъэпсэхуГъуэ зэманыр щIымыдзэ щыкIэ КъБР-м и Правительствэм и комиссэм а Iуэхум кIэлъыплъыну къызэригъэпэщ лэжьакIуэ гупым хэтхэр лагерхэм зэрыкIуэр, ахэр къызэрапщытэр. Абыхэм яхэтщ КъБР-м Уэнышагъэр хъумэныкIэ, Лэжьыгъэмкlэ, цIыхухэр Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщыныкIэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ и министерствэхэм, Роспотребнадзорым и щIыналъэ къудамэм я лIыкIуэхэр.

Районхэм щылажьэ лагерхэм я зрагъэпсэхуну щытепсэлъыхьащ, министрым къыхигъэщащ абыхэм субсидие иратыну Iэмал зэраIэр.

Сабий гугъуэхэм зэрадэлажьэм и гугъу щащIым, депутатхэм ягу кьагъэкIыжащ совет зэманым апхуэдэхэм щхьэкIэ щхьэхуэу лагерхэр къызэрагъэпэщу, хэкупсэу къэгъэхъуныр я тегъэщIапIэу, губгъуэ лэжьыгъэхэмкIэ зэхьэзэхуэхэр ирагъэкIуэкIрэ пашэ хъуа гупхэр зыгъэпсэхуэм кIуэ яшэу зэрыщытар. Егоровэ Татьянэ жиIащ нэхъапэкIэ щыIа Iэмалхэр ди зэманми къэбгъэсэбэныныр зэрыфIэкъабылыр. Асанов Алим дыщIигъуащ учётым Iут сабийхэм нэхъ гугъуэм зэпымыууэ я нэIэ зэрыгъэгъэтыр, лагерхэм зыщыщагъэпсэхуркIэ ирагъаджэу, я кьуэхым зрагъэужьу псоми зэхуэдэу зэрадэлажьэр.

КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я Iуэхуэмкlэ и министр Алэкъей Арсен жиIащ 2018 гъэм махуэкIэ лэжьэну лагерь 26-м сабий 1251-рэ къызэрызэщIаубыдэнур. Лагерхэм я бжыгъэр нэхъ мащIэ щIэхъуаMy и щхьэусыгъуэу абы къигъэлъэгъуащ Iуэхум трагъэкIуадэр 2017 гъэм яIам хуэдиз фIэкIа зэрымыхъур, ауэ щыхъукIи махуэм ягъэхьэзыр ерыскыым и уасэр мы гъэм сом 218-м нэскIэ (2017 гъэм сом 207-рэ) хэхъуащ. «МахуэкIэ лэжьэну лагерхэм зыщызыгъэпсэхуну сабий 1251-м щыщу 251-р унагъуэ хуэмыщIэхэм, 418-р - унагъуэшхуэхэм, 22-р - зеинщэхэм, 136-р - зи анэр е зи адэр зыщхьэщымытыжхэм, 22-р зи узынщагъэм сэкъат иIэхэмрэ ныкъуэдыкъуэхэмрэ ящIущI. Абыхэм гъэсакIуэу 184-рэ яхэтынущ, пщафIэу 57-рэ яIэнущ, медицинэ лэжьакIуэу 27-рэ якIэльыплъынущ», - жиIащ Алэкъей.

БАГъЭТЫР Луизэ.

● Гу зылъытапхъэ

Зауэр ягу къагъэкIыжынущ

ЗауэлI ЩIыхьым и къалэ Налшык дэт «ЩIыхьым и мафIэ мыужьхьыж» мемориалым и деж мэкъуауэгъуэм и 22-м пщэдджыжьыр сыхьэти 4-м и дежь щызэхуэсынущ зауэм и ветеранхэр, тылым щылэжьаXэр, республикэм и къэрал властым и органхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм, политикэ партхэм я лIыкIуэхэр, еджакIуэхэр, волонтёрхэр.

Абыхэм Хэку зауэшхуэр къызэрыхьэйрэ илъэс 77-рэ зэрырикъуэм теухуа Iуэхуэхэр ирагъэкIуэкIынущ, фэеплъым и деж удз гъэгъахэр щагъэтIылIынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 21, *махуэку*

♦Гидрографием и дунейпсо махуэщ

♦УФ-м Къэрал кIуэцI Iуэхуэхэмкlэ и министерствэм и кинолог Iуэхущ1апIэхэм я махуэщ

♦Франджым щагъэлъапIэ макъамэм и махуэр

♦Гъатхэ губгъуэ лэжьыгъэхэр зэраухам и щIыхькIэ илъэс къэс къызэрагъэпэщ, сабантуй зыфIаща махуэшхуэр Тэтэрстаным щагъэлъапIэ

♦1907 гъэм США-м къащIэзэрагъэпэщащ «Юнайтед Пресс Интернэшнл» хъыбарегъащIэ агентствэр.

♦1915 гъэм Кунцевэ къуажэ щIыкIум (иджы Москва хохьэ) Малевич Казимир щитхащ дуней псом щафIэтелъыджэ хъуа и «Зэпэлпимэ фIыщIэ» сурэтыр.

♦1925 гъэм Москва и уэрамхэм япэ таксихэр къыдихьащ. Ахэр 16 хъурт, Франджым щащIа «Рено» автомобиль лIэужьыгъуэм щыщт.

♦1948 гъэм ФРГ-м къащIагъэсэбэпу хуэжьащ валютэщIэр - нэмыцэ маркэр.

♦1970 гъэм Мексикэм и кьалащхьэ Мехикэ дэт «Ацтека» стадионым щызэхэтащ футболымкIэ IX дунейпсо чемпионатым и кIуэх зэIущIэр. Абы чемпион щыхъуащ Бразилием и командэ къыхэхар, Италием и футболистхэм 4:1-уэ ятекIуэрэ.

♦Совет усакIуэ, журналист, жылагъуэ лэжьакIуэ, Лениным, Сталиным я цIэкIэ зезыхьэу щыта саугъэтхэр, СССР-м и Къэрал саугъэтыр зрата, «Новый мир» журналым и редактор нэхъыщхьэу илъэс куэдкIэ лэжьа **Твардовский Александр** къызэралъхуэр илъэси 108-рэ ирокIу.

♦Театрымрэ киномрэ я актёр, РСФСР-м и цIыхубз артист **Золотухин Валерий** къызэралъхуэр илъэс 77-рэ ирокIу.

♦Пакистаным и премьер-министру щыта **Бхуттэ Беназир** къызэралъхуэр илъэс 65-рэ ирокIу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент **Къуий Iэмырбий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокIу.

♦УсакIуэ, публицист, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Мыкъуэжь Анатолий** и ныбжьыр илъэс 62-рэ ирокIу.

♦Урысей политик, къэрал лэжьакIуэ, 2010 гъэм къыщыщIэдзауэ Москва кьалэм и Iэтащхьэ **Собянин Сергей** и ныбжьыр илъэс 60 ирокIу.

♦УэрэджыкIуэ цIэрыIуэу, «Кино» рок-гупым и унафэщIу щыта, фильм зыбжанэм щыджэгуа **Цой Виктор** къызэралъхуэр илъэс 56-рэ ирокIу.

♦Журналист, «Московский комсомолец» газетым щылажьа **Холодов Дмитрий** къызэралъхуэр илъэс 51-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жащым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Мэкъуауэгъуэм и 22, *мэрем*

♦Хэкур яхъумэурэ хэкIуэдахэм я фэеплъ махуэщ. 1941 гъэм Хэку зауэшхуэр кьэхъеящ.

♦1889 гъэм Европэм щыяпэу Германием къыщащтащ жьы хуэхэм пенсэ яхэтэуныным теухуа унафэ.

♦1944 гъэм КъБАССР-м и Министрэм я Советым дэж Архив управленэ къыщызэрагъэпэщащ.

♦1945 гъэм Берлин къарахькIи Москва къахьижащ ТекIуэныгъэм и Бораджыр.

♦1967 гъэм Налшык ПТУ №7-м и цIыхубз спортсменкэ 15 ди щыхьэрым щежьэри, лъакъуэрыгъэжьажьэ Ленинград кIуэну гъэзэгу техьащ.

♦1978 гъэм Плутон и спутникыр - Харон - къагъэтащ.

♦2009 гъэм Ингушым и президент Евкуров Юнус-бэй яуKIыну хэтащ. Республикэм и унафэщIыр уIэгъэ хьэлъэ ящIауэ щытащ.

♦КъБКъУ-м и профессор **Къуэщ1ысокъуэ Александр** и ныбжьыр илъэс 77-рэ ирокIу.

♦Гуащ1эдзкI Щ1ыхь ордены и дамыгъэ псори зыхугъэхэфща, КъШР-м щыщ кIэртIофгъэкI **Шэрджэс Марьят** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокIу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьэпащ1э Юрий** и ныбжьыр илъэс 70 ирокIу.

♦УФ-м щыщ зиIэ и артистка **Варлей Наталье** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокIу.

♦США-м щыщ актриса цIэрыIуэ, «Оскар» саугъэту щы зрата **Стрип Мерил** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокIу.

♦УФ-м и цIыхубз артистка **Крючковэ Светланэ** и ныбжьыр илъэс 68-рэ ирокIу.

♦Искусствоведенэм и доктор, профессор, УФ-мрэ КъБР-мрэ щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэкъмкlэ и журналэм и институтым и ректор **Рахаев Анатолий** и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жащым градус 16 - 18 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iуущыгъэ:

Фызыфlым лIы Iейр добжьыфIэри, фыз Iейм лIыфIыр добжьыгуэ.

«Адыгэ псалъэр» унагъуэ псоми ирырелъ!

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

Мэлыжьыхьым и 1-м щIидзауэ КъБР-м Пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм ирегъэкIуэкI 2018 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ трегъэдзэным теухуа лэжьыгъэр.

Газетхэм ящыщу «Адыгэ псалъэм» и закъуэщ республикэм би анэдэлъхубзэкIэ къыщыщIэдзкIр икIи ар илъын хуейщ дэтхэнэ зи адыгэ унагъуэми. Абыкъэ арэзы къыддэхъуну ди гугъэщ адыгэу зыкъэзылъытэж псори. Ди бзэкIэ унагъуэм дыщымыпсалъэмэ, адыгэ газет, журнал абы имылъыму, ди щIэблэр, зэрыщыту лъэпкъыр куэдым хэныныгъ. Апхуэдэу къэмыхъун папщIэ, ди щIэджыкIакIуэхэр фыкъыхуэдожэ а Iуэхум фенIэщIэкIыну - Iэ тедзэгъуэр мэкъуауэгъуэм и 28-м еух.

Газетым Iэ щытебдзэ хъунущ КъБР-м и пощт Iуэхущ1апIэхэм. Газетыр унэм ныфхуахъынущ е, апхуэдэу нэхъ кьафщтэмэ, пощтхэм кьыщыватыжынущ. Унэм ныфхуахъынымэ «Адыгэ псалъэм» и Iэ тедзапщIэр **илъэс ныкъуэм сом 564-рэ кIэнIейкIэ 48-рэ хъууэ аращ, ар пощтым къыщеIыфхыжынымэ - абы сом 511-рэ кIэнIейкIэ 44-рэ хуозэ.**

Ди индексыр 51531

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м къыдигъэкIа Указ №46-УГ-мкIэ къыщыдат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр хъумэнымкIэ щыIэ советым теухуа положенэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр хъумэнымкIэ щыIэ советым (адэкIэ - Совет) зэпымыууэ лажьэ, щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщын икIи ахэр хъумэн, щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр хэIущIыIу щын, сату, промышленнэ политикэр, щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр къэлъытауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпхыгъэкIын мурадкIэ къызэрагъэпэща коллегиальнэ чэнджэщэгъу органщ.

2. Советым езым и лэжьыгъэр ятрещIыхь Урысей Федерацэм и Конституцэм, федеральнэ законхэм, Урысей Федерацэм и деж хабзэ мардэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и унафэхэмрэ указхэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и унафэхэм, апхуэдэу мы Положенэм.

3. Советым теухуа Положенэмрэ абы хэтхэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм кьещтэ.

4. Советым и кьалэн нэхъыщхьэхэм хеубыдэ:

а) къэрал органхэм, щIыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, щэхуакiуэхэм я жылагъуэ зэгухэныгъэхэм щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр хъумэнымкIэ лэжьыгъэхэр къызэрызэгъэпэщымрэ зэрырагъэкiуэкIымрэ япыщIа Iуэхугъэ, абыхэм мы къыкIэлыкIуэхэри хэту:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщIакIуэ органкэм, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органкэм я щIыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм, щэхуакiуэхэм я жылагъуэ зэгухэныгъэхэм, мы Iуэхум егъэщIыла адрей цIыхухэмрэ зэгухэныгъэхэмрэ щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр хъумэнымкIэ ирагъэкiуэкI лэжьыгъэр зэрызэрагъэлъыр икIи ахэр зэрызэздзакIэр егъэфIэкiуэным хуэгъэза чэнджэщэр зэхэлъхьэныр;

щэхуакiуэхэм езыхэм я хуитыныгъэхэр къагъэсбэпынымкIэ зыхуеину Iэмалхэр зэтегъэуэвэным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программмэхэр, муниципальнэ программмэхэм къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр зэрызэкIыным кIэлъыплъыныр;

хозяйствэ зезыхьэ субъектхэм ящыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм щылажьэхэм щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр дэгъэкIыным кIэ зэфIэгъэкIыпхьэхэм ятеуха чэнджэщэр зэхэлъхьэныр;

б) щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр къэлъытауэ сату, промышленнэ политикэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпхыгъэкIынымкIэ, щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэным екъэлтэ хабзэ мардэхэр егъэфIэкiуэным теухуа Iуэхугъэхэр зэхъэзырыныр;

в) цIыхухэм я правовой, финансово щIэныгъэхэр къэлэтыным, щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр хъумэнымрэ япыщIа щIэныгъэхэр хэIущIыIу щыным телэжьныр.

5. Езым къыпэщыт кьалэнхэр игъэзэщIэн папщIэ Советым хуитыныгъэ иIэщ:

а) Советым и лэжьыгъэр ирагъэкiуэкIын папщIэ зыхуеину документхэм, тхыгъэхэм, адрей информацэм щыIэ хабзэхэм тету къэрал органхэм, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, организацэхэмрэ къулыкъу зыщыг щIыналъэ органхэм я деж щыщIэупщIэну;

б) къэрал органхэм, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, Iуэхум егъэщIыла адрей органхэм, организацэхэм я лыкIуэхэм, къулыкъу зыIыгъ щIыхуэхэм я отчётхэм едэIуэну;

в) хабзэхэм тету къэрал органхэм, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, щIэныгъэмрэ егъэджэныгъэмрэ я Iуэхущапэхэм я Iэщагъэлiхэр, жылагъуэ зэгухэныгъэхэм я лыкIуэхэр, экспертхэр Советым и лэжьыгъэм къыхишэну;

г) Советым къыбгъэдэхуэ Iуэхуэр дигъэкIын папщIэ пIалъэкIэ е зэпымыууэ лажьэ эксперт, лэжьакIуэ гупхэр къызэригъэпэщынну.

6. Советыр къызэрагъэпэщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал органхэм, гъэзэщIакIуэ властым и федеральнэ органхэм я щIыналъэ органу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэхэм, щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр хъумэнымкIэ ирагъэкiуэкI лэжьыгъэр зэрызэрагъэлъыр икIи ахэр зэрызэздзакIэр егъэфIэкiуэным хуэгъэза чэнджэщэр зэхэлъхьэныр;

щэхуакiуэхэм езыхэм я хуитыныгъэхэр къагъэсбэпынымкIэ зыхуеину Iэмалхэр зэтегъэуэвэным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программмэхэр, муниципальнэ программмэхэм къыщыгъэлъэгъуа лэжьыгъэхэр зэрызэкIыным кIэлъыплъныр;

8. Советым и лэжьыгъэр Советым и унафэщIым (арщыщымыIэм деж - Советым и унафэщIым и къуэдзэм) и унафэм щIэту.

9. Советым и унафэщIым:

а) Советым ирагъэкiуэкIыну лэжьыгъэхэр зэхелъхьэ, Советым и зэIущIэхэр зэхуешэс, абыхэм къыщащта унафэхэр зэрагъэзащIэм кIэлъоплъ;

б) зэIущIэхэм зыщыхэплъэну Iэхуэхэр еубзыху, Советым и лэжьыгъэм пыщIа Iэхуэхэр къыхелъхьэ, Советым и зэIущIэхэр ирегъакIуэкI, а зэIущIэхэм я протоколхэм Iэ щIедзыж;

в) Советым и кьалэнхэм хиубыдэ Iуэхугъэм япыщIа пщэрылъхэр Советым хэтхэм яхуегъэув.

10. Советым и секретарым:

а) Советым хэтхэр Советым и зэIущIэхэм кърихьэлIэнырэ къызэрегъэпэщ;

б) зыхэплъэну Iэхуэхэм пыщIа организацэхэм я лыкIуэхэмрэ цIыху щхьэхуэхэмрэ Советым и зэIущIэхэм кьрегъэблагъэ;

в) Советым и зэIущIэр зыхэплъэну Iуэхуэхэм зэхегъэувэ;

г) Советым и зэIущIэр зыхэплъэну Iуэхуэхэм ятеуха материалхэмкIэ Советым хэтхэр къызэрегъэпэщ.

11. Советым хэтхэм хуитыныгъэ яIэщ Советым и зэIущIэхэмрэ абы кьызэригъэпэщ адрей Iуэхуэхэмрэ хэтыну, зытепсэльыхьэ Iуэхуэхэм езыхэр зэреплъыр къыхалъхьэну.

12. Советым хэтхэм ящыщу зэIущIэхэм яримыхьэлIахэм кьаIэта Iуэхуэхэм езыхэр зэреплъыр тхауэ кьагъэхь хъунущ.

13. Советым хэтхэр я хуитыныгъэкIэ зэхуэдэщ икIи зэIущIэм къыщаIэта Iуэхуэхэм тепсэльыхьэныр хэтщ, апхуэдэу унафэ къыщащIэкIэ Iэ яIат.

14. Советым и унафэщIым, абы хэтхэм къызэрыхалъхьам тету Советым и зэIущIэм кьрагъэблагъэ хъунущ кьрагъэ органхэм, щыпIэ унафэр зезыгъакIуэ органхэм, организацэхэм, къулыкъу зезыхь Iуэхум езыхэр зэреплъыр жаIэну хуитыныгъэ яIэщ, ауэ унафэ къыщащIэкIэ абыхэм Iэ зэрагъэтат тращIыхьыркъым.

16.Советым и лэжьыгъэм и Iэмал нэхъыщхьэр зэIущIэхэр егъэкIуэкIынырщ.

17. Советым и зэIущIэхэр хуей щыхъуэ деж, ауэ илъэсым зэ нэхъ р мыинхэ мащIэрэ, ирагъэкIуэкI.

18.Советым и зэIущIэм къару иIэщ абы Советым хэтхэм я зэхуэдитIым щIигъур кьрихьэлIамэ.

19. Советым и зэIущIэр унафэщIым е, абы пщэрылъ зэрыхуищIам тету - Советым и унафэщIым и къуэдзэм - ирегъэкIуэкI.

20. Документхэр, адрей хъыбархэр, доклад зыщIынухэм кьагъэсбэпыну материалхэр Советым и секретарым зэпкърихын икIи Советым и унафэм и проектыр игъэхьзэныр папщIэ ират Советым и зэIущIэр щрагъэкIуэкIынымкIэ лэжьыгъэу махуэ тIощI мынэхь мащIэ иIэжу. Апхуэдэ материалхэм къыхэщын хуейщ зыхэплъэну Iуэхум теухуа информацэр, зэIущIэм щIэсыну кьрагъэблагъэ цIыхухэм я спискэр, доклад (доклад къуэдзэ) зыщIынухэм я унэцIхэзэр, цIэхэр, адэцIэхэр, абыхэм я къулыкъухэм зэреджэр, докладхэр зэрекIуэкIыну зэманыр, Советым и унафэм и проектым хэлъхьэпхъэу кьалъытэ зэхъуэкIынырэзэхэр.

21. Советым хэтхэмрэ кьрагъэблагъэхэмрэ Советым и зэIущIэр щрагъэкIуэкIыну махуэм, зэманым, щекIуэкIыну щIыпIэм теуха хъыбарыр зэIущIэр щекIуэкIынум махуитху нэхъ р мынэхъ мащIэ имыIэжу ирагъащIэ, хуейуэ кьалъытэмэ, зытепсэлъыхьыну Iуэхуэхэм ехьэлIа документхэмрэ материалхэмрэ абыхэм хуагъэхь.

22. Советым и унафэхэр Советым и зэIущIэм кьрихьэлIахэм я нэхъыбэм Iэ зэрагъэтат тету кьащтэ. Iэ зыIэтэжр лъэныкъуитI зэрыгъэхъуарэ, я бжыгъэкIэ зэхуэдэмэ, унафэр кьащтэ зэIущIэр езыгъэкIуэкIам Iэ зриIэтам тету.

23. Советым и унафэр протоколу ятхыжри, абы Iэ щIедзыж Советым и унафэщIым (Советым и зэIущIэр езыгъэкIуэкIам).

24. Советым и унафэхэр ягъэзэщIэн папщIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм указхэр, унафэхэр къыдигъэкI, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм пщэрылъу къигъуэ хъунущ.

25. Советым и лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэмрэ и нардэхэмрэ абы езым еубзыху мы Положенэм къызэрыщыгъэлъэгъуам тету.

26. Советым и лэжьыгъэм ехьэлIа къызэгъэпэщынымгъэ-техническэ, информацэ, аналитикэ Iуэхугъэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Администрацэм и Iэнатlэхэм ящыIыгъу еубзыху Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым зыхуэфащэ и гъэзэщIакIуэ органым икIи а органым и унафэщIым Советым и секретарым и кьалэнхэр егъэзащIэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2018 гъэм мэлыжьыхьым и 23-м къыдигъэкIа Указ №46-УГ-мкIэ къыщыдат

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и деж Щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр къызэгъэпэщынымрэ ахэр хъумэнымкIэ щыIэ советым хэтхэр

КIуэкIуэ Ю. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр *(Советым и тхьамадэщ)*

Мусуков А. ТI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщIыр *(Советым и тхьамадэм и ялэ къуэдзэщ)*

Бэлэтокъуэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэр *(Советым и тхьамадэм и къуэдзэщ)*

Агибаловэ Е. Н. - «Путешествие» турист компание» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгухэныгъэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Iэпщэ З. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым ЭкономикэмкIэ, инвестицэхэмкIэ, хьарычэт IуэхумкIэ и комитетым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

АфащIыж Ю. С. - ХьэрычэтыщIэхэм я хуитыныгъэхэм къащхьщыжьымкIэ уполномоченэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэр *(зэгурыIуауэ)*

Гуэбэшы З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм промышленностымрэ сатумкIэ и министрыр *(Советым и секретарщ)*

ГъукIэлI Хь. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Сату-промышленнэ палатэм и тхьэмадэр *(зэгурыIуауэ)*

Къэзанш Л. Б. - «КъБР-Медиа» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал кIэзонэ Iуэхущапэм и унафэщIым и кьалэнхэр зыгъэзащIэр

Къанкъул Хь. Л. - «Академик Федоров С. Н. и цIэр зезыхьэ «Ленар» нэм щеIэзэ клиникэ» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгухэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

КIуэкIуэ А. С. - «Хабзэм и къарур» щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэм кьащхьэщыжьымкIэ Кавказ Ищхъэрэ щIыналъэм щыIэ комитет» щIыналъэ зэхуаку жылагъуэ зэгухэныгъэм и тхьамадэр *(зэгурыIуауэ)*

Курдановэ Ф. Хь. - «Вавилон-Фарм» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгухэныгъэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Можгин В. В. - «Автобытсервис» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгухэныгъэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Настаев А. М. - «АССО» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгухэныгъэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Павленкэ В. П. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм экономикэм мыпхуэ къэзылэжь и Iэнатlэм зегъэужьынымкIэ хозяйствэмкIэ и комиссэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Пагуэ Ж. А. - Щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ цIыхум псэуклэ зэIуэпэщ иIэныкIэ Iэнатlэм щыкIэлъэпIуныкIэ федеральнэ кьулыкъушIапIэм и управленэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министрыр

ЛIуп Т. Хь. - «КIуэкIуэ В. М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» щIэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Iуэхущапэм и сату-технологие факультетым и деканыр *(зэгурыIуауэ)*

Тхьэмокъуэ А. Ч. - Урысей Федерацэм и Банк Нэхъыщхьэм и Илъэ управленэ нэхъыщхьэм и къудамэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ Пэлъкъ банкым и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Уянаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр

Хьэжу В. Ш. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и промышленникэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я союз» лжьэлIэ зытхэм я щIыналъэ зэгухэныгъэм и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Чочаев А. М. - «Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыныкIэ корпораци» акционер зэгухэныгъэм щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и департаментым Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэ и унафэщIыр *(зэгурыIуауэ)*

Щоджэн З. Б. - «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэхуакiуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымкIэ зэгухэныгъэ» жылагъуэ зэгухэныгъэм и правленэм и унафэщIым и къуэдзэр *(зэгурыIуауэ)*

Елмэс С-Б. А. - «Налшык консерв завод» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгухэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

Якубов Ш. Ш. - «Налшык гъэш комбинат» жэуап зэхэгъэщхьэхуэкIа зыхь зэгухэныгъэм и генеральнэ директорыр *(зэгурыIуауэ)*

Зауэм хиубыда щIалэгъуэ

Дау Мухьэжид Гъузер и къуэр 1923 гъэм мэкъумэшыщIэ унагъуэм къыщалъхуат. 8-нэ классыр абы Сэрмакъ къуажэм къыщиуха нэужь, Налшык мэкъумэш техникумым зоотехник IэщIагъэ щызригъэгъуэтыну щIэтIысхьащ. Абы ар комсомолым щыхьхьащ. Ещанэ курсым нэсауэ, Хэку зауэшхуэр къэхъеящ.

Дау Мухьэжид

● Жыжьэ - гъунэгъу

ИлъэС 19 иримыкъупа Мухьэжид адрейхэм я гъусэу зауэм докI, мащIэу ирагъадж, сержант нэхъыжь къыфIащри, топгъауэ гупым я командир ящI.

Зауэ Iэнатlэм Даур ялъэ щыIухьащ Ростов щIыналъэм и Серафимович къалэм и Iэгъублагъэм. «Нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэр я бжыгъэкIи техникэкIи нэхъыбэт. Дыпэмыплъауэ къызэрыкъуэхщ, уафэмкIэ хэрадзыха лагъымхэмкIэ лъэмыжьыр якъутэри дыкъаухъуреихьат, - игу къигъэкIыжьыр Мухьэжид. - Зэхэуэ гуащIэ екIуэкIащ. Бийхэм хэщIныгъэшхуэ еттами, аэр нэхъыбэти дапэльэщащкъым. Дэ тщыщ куэд хэкIуэдащ. Абыхэм яхэтащ Къармэкъэблэ щыщ ди лъахэгъу Дзэмыкъ Алии... Дыкъаухъуреихьыну къыщыдзбгъэрыкIуэм, ди зауэлIэр икIуэтын хуей хъуащ. ДикIуэт пэтми, иджыри ди гугъэр хэтхыртэкъым текIуэныгъэ дызэриIэнум. Серафимович деж щекIуэкIа зауэм дауэ тщIыми дыщытекIуэри, къалэр хуит къэтщIыжащ».

Ди зауэлIэхэм яхъумэрт Сталинград и Iэгъублагъэм екIуэкI псы Iуфэ бгъуэзр. Сержант нэхъыжь Даур Мухьэжид унафэ ищIащ бийм и техникэр зэтракъутэну. Уэм хуэдэу топышэр ятещащащ зыщIэхуакIуэхэм. Танк зыбжанэ якъутащ, нэмыци 100 бжыгъэхэр яуклащ.

Даум махуэ къэс и зэфIэкIым хигъахуэ зэпытт. Абы и лIыхъужьыгъэр зауэлIхэм щапхъэ яхуэхъурт. Ар яхэтащ Украинэм и кьалэхэмрэ хуэажэхэмрэ хуит къэзыщIыжахэм. Абы и лIыгъэм къыпэкIуащ къэрал дамыгъэхэр: «Зауэм къыщигъэлъэгъуа зэфIэкIым папщIэ», «И лIыгъэм папщIэ», «Сталинград зэрихьумам папщIэ» «Германием зэрытекIуам папщIэ» медалхэр, ЩIыхь орденым и ещанэ нагъыщэр.

«Украинэрат Iуэхур къыщекIуэкIыр, - пищэрт и гукъэкIыжьым Мухьэжид - Сэрэ Налшык къаIэм щыщ си ныбжьэгъуитIымрэ - Бушмановымрэ Розаковымрэ - унафэ къытхуащIат нэмыцэхэм ябыда куэажэм дыдыхьэу «бзэгу» къэтхьыну. Фашистхэр щетIысэха куэажэр хуабжьу сакъыу яхъумэрт. Ди пщэрылъыр нэхъ гугъуж ищIырт дунейм и щытыкIэм. Жэщ ныкъуэм дежьащ. Гъуэгум дызыщрихьэлIа зы лIыжьым дыщигъэгъуэзат нэмыцэхэр зэрызэбгрытIысыкIа щыкIэм. Къуажэ гъунэм дыщынэсым, шыхэр зыщIэдгъэувыIыкIри, щэхуу пльырхэм дебгъэрыкIуащ икIи зы нэмыцэ офицер къэдубыдри дыкъыщIэпхъуэжащ. Абы щхьэкIэ ЩIыхь орденым и ещанэ нагъыщэр щыми къытхуагъэфэщат».

Хэку зауэшхуэм лIыгъэ къызэрыщIэлъэгъуам папщIэ, Сталиным фIыщIэ тхьылъэр Даум кьыхуигъэфащауэ щытащ. Днепр и ипщэ лъэныкъуэм зыщызыгъэбыда нэмыщхэм Запорожье къалэр къызэрыIэщIагъэкIыжам, Украинэм и промышленнэ щIыпIэ нэхъ инхэм ящыщ Никополь къалэр щхьэхуит зэращIыжам, Буга Ипщэр быдапIэ зыщIа, хы фIыщIэм и кхъухьтедзапIэ нэхъ ин дыдэхэм икIи гъущI гъуэгу зэпыщIапIэ нэхъыщхьэу щыт Николаев къалэм нэмыцэхэр зэрыдахужам, Одессэ, Кишинёв, Галац къалэхэр къызэрыIэщIахыжам папщIэ.

Румынием и щыналъэхэм щекIуэкIа зэхэуэхэм мыхьэнэшхуэ яIащ. 1944 гъэм щыщхьэуIум и 27-м Галац къалэм пэгъунэгъуу нэмыцэхэр совет зауэлIхэм кIущебгъэрыкIуэм, Дау Мухьэжид уIэгъэ хьэлъэ щыхъури, зауэм къыхэкIыжьи хуей хъуащ.

Зигъэхъужу и лъахэ къэкIуэжа нэужь, ар къуажэ колхозыр къэIэтыжьыным жыджэру елэжьащ. Iэщ гъэхуныным хэтащ, гъэш фермэм и унафэщIу, губгъуэ лэжьакIуэ гупым я бригадиру щытащ.

1972 гъэм къыщыщIэдзауэ дунейм ехьыжьу Мухьэжид Налшык и «Дружба» комбинатым Сэрмакъ щэкI щызэIущIуэ щIэ цехыр игъэлэжьащ. Абы хуэзфIэкIат а Iуэхущапэр нэхъыфI дыдэхэм ящыщ ищIын.

Зауэ зэманми хуэдэу, Даур лэжьащ и псэ емыблэжу, къэрэмыгъэншэу. Аращ абы къыщIратар «И лэжьыгъэфIым папщIэ» медалымрэ 1976, 1977 гъэхэм екIуэкIа зэпеуэхэм зэрыщытекIуам щыхьэт текIуэ дамыгъэхэмрэ.

МАХУЭ Анатолэ.

● ЩIыуэпс

ГъэщIэгъуэн куэд къапоплъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым и эколого-биологическэ центрым щекIуэкIащ щIыуэпсыр хъумэным теухуа зэIущIэ.

ЦЕНТРЫМ илъэс куэд хъуауэ щылажьэ икIи абы и унафэщI Кольченкэ Андрей жиIащ, дыкъэзыухъуреихь дунейм кIуэ пэтми зэхъуэкIыныгъэ щхьэхуэхэр зэригъэуэтыр: ди псы екIуэкIэм, мэзхэм, дызэрыбауэ хьэуам я щытыкIэ хъуам ущIэгъэзвэн хэлъщ. Абы къыхэкIыу экологхэм болэрыгъыпIэ иIэкъым. Мы Iуэхущапэм и лэжьакIуэхэмрэ абыхэм я гъэсэныгъэмрэ гъэмахуэр икIыху зыкIэлъыплъын я гъунэжщ.

ЗэIущIэм хэта сабийхэр щIыуэпсыр хъумэным теухуа дерсхэм щIагъэдэIу.Ахэр ябгъэдэлъ щIэныгъэхэмкIэ зэпеуэщ, щIыуэпсыр хъумэным ехьэлIа плакатхэр ягъэлъэгъащ.

Гъэмахуэр къиуха кьудейщ, центрым кьекIуалIэ цIыкIухэм адэкIэ зэIущIэ, зэпеуэ гъэщIэгъуэнхэр къаполлъэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Iуэху щхьэпэ

ЩIалэгъуалэр лэжьыгъэ IэнатIэхэмкIэ къызэрагъэпэщ

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым зэIущIэ щхьэпэ щекIуэкIащ. Ар теухуат КъБКъУ-р къэзыухахэр лэжьапIэ IэнатIэхэмкIэ къызэгъэпэщыным. Хабзэ хъуауэ, илъэс къэс ирагъэкIуэкI Iуэхум хэтщ студент куэд икIи зыхуеджа Iэщ1агъэм хуэкIуэ лэжьапIэхэри къыщагъэтIыф. Мы гъэм абы къыкIуэлIащ ныбжьыщIэ 600-м щIигъу.

ЗэIущIэм хэтащ лжьакIуэ хуэныкъуэ Iуэхущапэ 20, Iэнатlэу 1500-м щIигъу щагъэлъэгъуащ. Абы зыкъагъэхьэлIащ КъБР-м Узыншагъэр зэрымыкIэ и министерствэм, Цыхур лжьыгъэ Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ центрым, «Гидрометаллург» заводым, «Гъэш комбинатым», «Росселькозбанк», «Сбербанк», «Банк «ВТБ»-хэм, еджапIэхэм, зыгъэпсэхупIэхэм я лIыкIуэхэр, нэгъуащI кучцам.

ЗэIущIэр къызэIуихащ КъБКъУ-м и проректор Къумыкъу Iуэс.

- Нобэ етхьэжьа Iуэхум мыхьэнэшхуэ иIэщ еджапIэр къэзыухуаэ мыбы кьрихьэлIахэм я дежкIэ. Ди университетым и кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ ди щIалэгъуалэр лжьыгъэ Iэнатlэкlэ къызэрэгъэпэщынымрэ хуIэкъуныр, - жиIащ Къумыкъум. - Дыхуейщ абыхэм ягу дыхьэ Iэнатlэ мыбы къыщыхахьфыну. IуэхущапIэхэм я лIыкIуэхэри ди еджапIэр къэзыуха Iэщ1агъэлIэхэм арэзы фытехъэну си гугъэщ. Шэч къытесхьэрхьым абыхэм ди дежк щызрагъэгъуэта щIэныгъэр екIуэ къызэрагъэсэбэпыфынум.

ЦIыхур лжьыгъэ Iэнатlэкlэ къызэгъэпэщынымрэ социальнэ дэIэпыкъуныгъэмкIэ центрым и унафэщIым и къуэдзэ Биттиевэ Софиет къыщыпсалъэм къыхигъащащ къэралым къигъуэв хабзэхэм тету, Iэнатlэм пэрыва нэужь, еджапIэр къэзыуха ныбжьыщIэхэми ахэр Iэщ1агъэм хэзыгъэгъуазэхэми улахуэ зэрыратынyр.

Нэхъ жыджэру зэхьхьэм хэтахэм ящыщщ Налшык кьалэ дэт «Гидрометаллург» заводыр. Управленэм и унафэщI Пашаевэ Еленэ жиIащ заводыр илъэс 55-рэ хъуауэ зэрылажьэр, хъарзынэуи зэрызиужьыр, абы къыхэкIыу и лжьакIуэхэри нэхъыбэ зэрыхъур икIи щIалэгъуалэ кърашэлIэну зэрыхуейр.

Лэжьакiуэ хуэныкъуэу зэхьхьэм зыкърезыгъэхьэлIа Iуэхущапlэхэм я лIыкIуэхэм кьагъэльэгъуащ Iэщ1агъэ зэмылIэужьыгъуэхэр, абыхэм зэрыхуагъэсэну щIыкIэр, къыщыхьыну улахуэр зыхуэдизыр.

ТАБЫЩ Динарэ.

Нэхъыжьхэр зэхуашэс

Прохладнэм щыIэ Пенсионерхэм я кьалэ советым щIэх-щIэхыурэ къызэрегъэпэщ нэгуэныжь, спорт программэ гъэщIэгъуэнхэр.

СОВЕТЫМ и унафэщI Левченкэ Аллэ зэрыжиIамкIэ, пенсэм кIуа цIыхур жыдэжру жылагъуэ гъащIэм хэтын папщIэ иджырей спорт лIэужьыгъуэхэм дегъэхьхьэн хуейщ. Абыхэм ящыщ зыщ гъэшшагъэр сыткIи езыгъэфIакIуэ боулинг джэгукIэр. А спорт лIэужьыгъуэм дихьэххэр зэхуашэсри, Абазэхэ Арсен зи унафэщI боулинг клубым яшащ. Боулинг джэгукIэм и щэху псоми ахэр щагъэгъуэза нэужь, езы пенсионерхэм гухэхъуэу икIи нэгуэныжьу япэ джэгугъуэхэр кьрахьэлIащ. Абыхэм яхэтт зи ныбжьыр илъэс 60 хъуахэри, илъэс 80-м нэсахэри.

Езы нэхъыжьхэм къызэрыхагъэщамкIэ, спортым я гукъыдэжыр къиIэт къудей мыхъуу, цIыхухэм яку дэпъын хуей гупытэр, зэкъуэтыныгъэр ирагъэфIакIуэ. Левченкэ щэч къытрихьэркъым боулингым дихьэххэм кIуэ пэтми къазэрыхэхъуэнум.

ЖАНХЪУЭТ Зэуэ.

Шэджэм щIыналъэм лажьэщащутIыпщащ бдзэжьей щагъэхъуну IэнатIэм и япэ чэзур.

МЫ ЗЭМАНЫМ ирихьэлIэу гуэл цIыкIу 32-рэ къызэрагъэпэщащ. Абыхэм ящыщу дэтхэнэми ерыскъыгъуэ IэфIу тонни 3-м нэс къыхахынущ.

Зи гугъу тщIы Iуэхущапlэр адрейхэм кьащхьэщокI псынэпс кьабзэ дыдэкэр заниIэу псы итыпIэм къызэрыхэлъадэмкIэ. Абы и фIыгъэкIэ къыщабыд бдзэжьейхэр Урысейм щынэхъ къэуатхэу икIи гурыхьэу щытынущ. Мыри кьыхэдгъэщынщ: и кьару псомкIи лэжьэн щIидзэмэ, хозяйствэр Кавказ Ищхъэрэм щынэхъ инынущ.

КъаГъэсэбэп бдзэжьей шырхэр зэкIэ Франджым къраш, арщхьэкIэ зэман дэкIмэ, езым хугукIэ зыкъыхэзрагъэпэщынжынущ.

Iэнатlэм бдзэжьей мин 200-м щIигъу щагъэхъу. Ерыскъыгъуэ гъэзэщIэр щэхуакIуэхэм яIэрыхьэу хуежьащ. Зэрыгурыуэгъуэши, ялэ ирагъэщIыр ди республикэм и цIыхухэрщ.

Къуэлэн дахэхэм къадэкIуэу, мыбы щхьэхуэу щыIагъщ амур, карп пъкIэпкъэр, елыркъэшхэр.

Iэхущапlэм лжьакIуэ 23-рэ къыщтакIащ, дэтхэнэми зы мазэм ику иту сом мин 20 и улахуэу.

КIАРЭ Элинэ.

Бдзэжьей къуэлэн дахэхэр

● Шэджэм щIыналъэ

Напэкіуэцыр зыгъэхьэзырар **ЖЫЛАСЭ Замирщ.**

Жэм пыджэреймрэ Мадинэрэ



Сыщыцыкіум дэ зы жэм пыджэрэй диІащ Джэмыдэкіэ еджэу. Нобэ хэдэу сощІэж, ар апхэдзкІэ пыджэрейти, псоми зыпыІэдзу щытащ.

Джэмыдэ ди адэмрэ ди анэмрэ фІэкІа зыри зыбгъэдигъэхьэртэкъым. Адрейхэр псори мыцІыху ищІырт, ирихужьэрти, бжьакъуэпэкІэ кърихьэкІырт. Си къуэш нэхъыжьАхьмэди сэри мызэ-мытІэу дыкъытрахыжыгъащ абы. Абы щыгъуэ Джэмыдэ и бжьакъуэм къызидза дыркъуэр иджыри хэмыгъэущэжауэ тельщ си натІэм.

Цыхур дэнэ къэна, джэдкъазми теплъэ хъуртэкъым ар! И пащхьэ хъихутэр ирихужьэрт.

- Мы теурэзыр зыхуэмыкІуэныр мэкъумрэ Іусымрэ фІэкІа зэмыпыдж дунеишхуэм теткъым!.. - игу ебгъэхуакІэ хуэгъумэтІымэрт ди адэр абы.

Си ныбжьэгъу щІалэ цІыкІухэр пщыхьэщхьэкІэрэ былымым щыпежьэкІэ сэ абыхэм сытым хуэдэу сехъуапсэрэт жэм Іэсэ зэралэм папщІэ! Пэжу, ди Джэмыдэжьым и зэранкІэ абыхэми чыкъуракъышхуэ зырыз ямыІыгъу Іэщым пежьэфыртэкъым.

Зы махуэ гуэрым ди пщІантІэм мыпхуэдэ хьэлэмэт къыщыхъуащ. Іэхъуэ къыдыхьэжьгъуэ хъуа димыгугъуэ дыбЭлэрыгъауэ, Джэмыдэ, и щхьэр гъэкІауэ, къэкІуэжащ. Ди анэм жэм къызэриш пэгуныр игъэхьэзыратэкъыми, жэм бу макъ щызэхихым, пщэфІапІэмкІэ щІыхьащ. Зыми тщІэжакъым ди Мадинэ и закъуэу пщІантІэм къыдэнауэ. Абы иджыри къипщыхьыфу къудейт. ПщІантІэм къыдыхьэжа жэмыр сабийм зэрыхуэкІуэр щхьэгъубжэмкІэ къыщилъагъум, ди анэр пщІэфІапІэм къыщІэжащ кІийуэ, ди адэри си къуэшАхьмэди зэхэзежэ хъуащ. Арщхьэкіэ ущІэгугъэзвэн щыІэтэкъым. Джэмыдэ хьэлъакъуиплІу щыт сабий цІыкІум бгъэдыхьэри, ялэщІыкІэ епэмащ, итІанэ и бзэгур къридзри абы и натІэм ебзейуэ хуежьащ. Мадинэ и щхьэц пІащІэ щабэ цІыкІухэм и бзэгу псыфыр дильэурэ цІуужу, дахэу игъэтІысырт.

Сабийр къезыгъэлыну пхъэрахэри, а телъыджэр щалъагъум, зэрагъэщІэгъуэнур ямыщІэу къызэтеувыІэжащ. АдэкІэ къэхъунум иригузавэу щыт пэтми, ди адэм ахэр зэкІэ жэмым бгъэдигъэхьакъым, «есэм нэхъыфІщ сабийм», жиІэри.

Мадинэ и щхьэц цІыкІур, жьым щІиупскІэ Іущхьэ нэхъей, жэм бзэгум адэкІэ-мыдэкІэ иригъащІэрт, итІанэ ти ІыгътэкъымІ. И анэм Іэ къыдилъэ хуэдэ, ар зэззэмызи гуфІэуэр къыхудэплъеирт.

Иужьым ди адэм Джэмыдэ Іуихури, сабийр и Іэплъ иригъэтІысхьащ.

- Аращ-тІэ, - жиІащ абы, - Іэщ жалэ щхьэкІэ, абыи гу кІуэцІыпЭ.

Сэ жэм слъагъуху а ди Джэмыдэжь пыджэрэйм ищІауэ щыта теПьыджэмрэ ди адэм жиІа псалъэхэмрэ гуапэу сигу къокІыж.

ГЪУБЖОКЪУЭ Лиуан.

КІэудэ

(Таурыхъ)

КІЭУДЭКІЭ еджэу дыгъэбзиифэ бажэ цІыкІу мэзым щыпсэурт. КІэудэ псоми дзы гуэр къахуигъуэтырт, и ныбжьэгъуэм апхуэдизкІэ я жагъуэ ищІырти, зыри къыдэджэгужьыртэкъым. Абы щхьэкІэ КІэудэ зэгуэпырт.

Махуэ дыгъэпс гуэрым КІэудэ ежьащ и Іэ лъэныкъуэр и шхужьым идзарэ мыдрейр ину щІиупскІэу, и пэр дэгъэзеярэ и нэ зэв цІыкІуитІым къажьхьу. ЩІихьауэ здэкІуэм, Пэсиринэкіэ зэджэ щыжьбанэм теуващ. Теувэри, Пэсиринэ и банэхэр къыхэуащ. Банэ зыхэуа лъакъуэр фІиубдыкІыжри, КІэудэ щыжьбанэм текІиеу хуежьащ:

- Емынэ узым ихьын! Си лъакъуэм укъыхэущ. ЗекІуэр бгъэгуІэу мэзыр къыщІэбуащІыхьр сыт?!

- Сэ мэзыр къэзущыхьыркъым - щІымахуэм хуэзгъэтІылъын Іэгъэбзэгу зэхуэсхьэсу аращ, - жи щыжьбанэм. - Уэри апхуэдизу уи пэр дэгъэзеяуэ къыумыкІухьатэмэ, узытеувэр плъагъунт.

- Уи цыр банэжьрэ пэ сыринэ ухъужауэ, узрат иджы сыщІемыплъыхьжар, - ауаныщІу мащІэу щыжьбанэм хуеплъыхри, КІэудэ узгум щызелъатэ бзухэр ибжу ежьэжащ. КІуэм-кІуэурэ, Дахэпс зыфІащауа ужьэм илъэф пхъэм жьэхэуэщ, игъэльапэрапэри, жэуэрэ жыгым натІэкІэ еуащ. КІэудэ къэгубжьауэ Дахэпс телъэдащ:

- Емынэ унэр зыхуэкІуэн, пхъэ къеплъэфэкІым сигъэльапэрапэри, жыгым натІэкІэ сеуащ.

- Сэ пхъэ къеслъэфэкІыркъым, сыхуейуэ унэм схьыуэ аращ. Ауэ, ульэпэрэпэну ухуэмеймэ, узытеувэм епль, нэшхуитІ ущІиІэр аращ, - къыпидзыжащ ужьэм.

- Уи пхъэри уи щхьэри фыщамылъагъужьиным Алыхьым фихь. Уэ бгы кІантІэу зи нэр къытетІысхьэжа ажалыфэрт сызэмыплъыжар! - Дахэпс текІиери, КІэудэ и гъэзугум пищэжащ.

КІуэм-кІуэурэ, и лъакъуэхэр кІэщІрэ езыр зещэтэжу къакІуэ уашхэ пшэр БыхъутІэ жьэхэуащ. Ар КІэудэ хуэшэчынт, хуэшэчакъым:

- Емынэунэ хъун БыхъутІэжь, мы щІыгу псор уи закъуэ ууей хуэдэ, гъэзугкум уиту щхьэ къэбДжэдыхьрэ?!

- Уэлэхьи, гъэзугкуи симыт, зыми зэран сыхуэмыхъу. Ауэ ущызекІуэкІэ мащІэу зыплъыхьи, зыри къэпщыщІынкъым, - жиІащ БыхъутІэ.

- Уи зыплъыхьи уэри емынэм фихь! Уи нэкІуэжьитІыр къелэлэхьжарэ небэ-къебэу къэбДжэдыхьу, уэрат сызымыгъэІущІжар! - жери КІэудэ ежьэжащ.

КІуэм-лъэм, кІуэм-лъэуэрэ, бажэр зы щабэ гуэрым теуващ. Зытеувам текІиен и мураду щеплъыхым, жейуэ щылъ Аслъэн пщацэжьрауэ къэщІэкІащ. КІэудэ къэшынэжри, къэщІэпхъуэжыну хэтат, арщхьэкІэ, зэрытеувари фІэмыІуэхуу жей Аслъэныжьым еплъыІуэри, зыщимыгъэхьейкІэ къысщышынэу аращ, жиІэри зыкъыфІэщІыжащ. ЗыкъыфІэщІыжкыпэри, Аслъэным елъэпэуащ. Модрейм зыщимыгъэхьейм, КІэудэ тегушхэупэуэ и макъым зрегъэІэт:

- Уэлэхьэ, мы къомым яхуэфащэу сахурокъум. Пэсиринэжь цІыкІу лажьэ лъызгъэсакъэ! Дахэпси БихъутІи араКъэ! ЛІо, и цыр зэхэпцІыхьыжауэ мыбдеж щылъ Аслъэныжьым сыпэмылъэщын фи гугъэ? И инагъыр и делагъэ лІыгъэ жьыуаІэр къраудми имыщІэу, емынэм щхьэкІэ гъуэгукум къытегъуэлъхьа?! Абы хуэдэхэм сэ есщІэр... - КІэудэ жиІэнур нимыгъэ щыкІэ Аслъэныжьыр къэщІилъэтщ, бажэжь цІыкІур зыІэщІиубыдэри:

- Насып уиІэти, нобэ си ныбэ изщ, - жиІащ Аслъэным, и ныбэм тельэщІыхьырэ. - Ауэ дяпэкІэ укъыспэщІэхуэмэ... - Аслъэным бажэр фІыуэ иудыныщІэри иутІыпщІжащ, езыми жеину зигъэхуІуриижащ.

Зи псэр зи лъэдакъэпэм хьхьэжа бажэжь цІыкІу лъапэпцІийуэ къыІукІыжри кІэбгъу зищІыкащ. Абы лъандэрэ КІэудэ и пэр дгъэзеяуэ къикІухьыжьыркъым, зытеувэм йоплъ.

ТАУ Нинэ.

● **Къуажэхьхэр**

Ебгъэз дзыхьри егъэпэж

Сыбгъэдохьэ абы щэхуу,
Сыщыізбэм - мэльэтэж.
Къызохуэкі,
зызмыгъэпсэхуу,
Симыізжми гукъыдэж.
(Хьэндрабгъуэ)

Бжьыхьэти гъатхэ щІыр
елъэс,
Жьым къыдожьэ,
мыш - мылъэс. *(Уэшх)*

И ныбжьэгъукъым ар
дыгъуакІуэм,
Ягъэшынэу
щІэмыпхъуэж.
Хейм и телъхьэщ,
и хъумакІуэщ,
Ебгъэз дзыхьри егъэпэж.
(Хьэ)

Ар къуымыщтэм -
бзагуэщ,
Къапщтэм -
егъэджакІуэщ. *(Тхыль)*

Удын зыхимыщІэу и
къалэн имыщІэ.
(ЪуцІ Іунэ)

БАТЫР Мухьэрбий.

● **Бзэкъутэ-бзэщІыж**

Жьыхур щэхуу щІехур щихум

Дызздауэу дызздауэм -
Дауэм дауэ дедэуэн?

Уэдыдыд! Ди дадэ дыдыр
Дэдубыдым - быдэу
едыр!

Аргъуейр гъуамэщ,
Аргъейр гъмщ,
Гъупщыр пщэмэ -
ПщампІэ хъунщ.

Жьыхур щэхуу щІехур
щихум.

ХЬЭІУПЭ Джэбрэіил

НыбжьэгъуГъэ

Хэт зымыщІэр хьэмрэ джэдумрэ зэтеплъэ зэрымыхъур? ЦІыхуитІ фІыуэ зэрымылъагъумэ, «хьэмрэ джэдумрэ хуэдэщ» жаІэ. Ауэ зэгуэрым телъыджэ къэхъащ. ФІы дыдэу тлъагъу ди хьэжьыр кІуэдащ, здэкІуари здэжари дымыщІэу. ДылъыхъІуэщ, дылъыхъуэри, щыдмыгъуэтыжьым, хьэпшыр дахэ дыдэ цІыкІу къэтхьащ, и нэр къэпщІа къудейуэ. Абы ирихьэлІэу зы джэду шыр цІыкІуи къытхуахьащ ди гъунэгъум.

ТІэ, къэхъурт а цІыкІуитІыр зэгъусэу. Зэгъусэу шхэрт, зэгъусэу жейрт, зызэрашэкІауэ. Ар зыфІэмыгъэщІэгъуэн щыІэтэкъым ди деж къакІуэхэм. Дэ десэжати къытфІэІыуэхужьтэкъым. Апхуэдэуэрэ ахэр ин хъуащ. Ин хъуа щхьэкІэ я зэхущытыкІэм зыкІи зихъуэжатэкъым.

Зы пщэдджьыжь гуэрым Нанэ, жэмыр къишри къыщІыхьэжауэ, Дадэ жриІащ:

- Ан-на, ЛІыжь, мы ди зэмрэ джэдумрэ щыцІыкІуам ещхьыркъабзэу фІыуэ зэрольагъу!

Дадэ и дамэхэр дригъуея мыхъумэ, зыри жиІакъым. Ауэ абы и теплъэм къигъэлъагъуэрт езыми ар зэриГъэщІагъуэр.

Зы махуэ гуэрым унагъуэм нэщхъеягъуэ къихъуащ - ди джэду цІыкІур машинэм иукІащ. Сыт сщІэнт, дыхуэнэщхьейщ, дыхуэнэщхьейри, джэдур щІэтлъхьэжащ. Дэ бжьэпэм дыщыпсэурти, псыхъуэм жыжьэу дэтхьэри, псыр хьиуми къыльэмыІэсын хуэдэу, нэхъ льагапІэ гуэрым дежь щІэтлъхьащ.

Дэр нэхърэ нэхъ нэщхъейуэ ди хьэри ди гъусэт. Псори зэщІыгъуу унэм дыкъэкІуэжащ. ЕтІуанэ махуэм ди хьэри кІуэдащ.

- НэщнэфІкъым ахэр псори! - ину щэтащ Дадэ.

- Нэщнэфі мыгъуэкъым, - жиІащ Нани.

Махуэ зыпІуащ дэкІаУэ Дадэ ди хьэ танэр къихужьну щыкІуэм, имыщІэххэу ди хьэм хуэзащ джэдум и къкащхьэм деж щылъу, и нэпсыр къыщІэжу. Дадэ хьэр къишэжри ирипхащ, и шхыни хуигъуващ. Нэху ща нэужь делпІэмэ, хьэр шхыным еІусатэжьым.

Сэ сфІэгъэныхь хъури хьэр къэзгъэпІыпщащ, къызэрызутІыпщыхьэуи пщІантІэм дэжри ежьэжащ. Дапщэрэ къэтшэжа а тхьэмыщкІэр, ауэ кІапсэр и пщэм къызэритхьу аргуэру игъэзэжырт джэдум и деж.

Зы пщэдджьыжь гуэрым Дадэ къэгубжьауэ кІуащ хьэр къишэжьыну... арщхьэкІэ ар лІауэ ирихьэлІащ. Дадэ ар джэдум и ГуэнгъуУ щыщІилъхьэжри, мывэшхуэ зырызи я кхъащхьэм трилъхьащ.

Зэман Іэджэ щІащ ар къызэрыхьэуэ, ауэ нобэр къызідэсым ди хьэблэм ящыгъупщэркъым.

ЖУРТ Биберд.

● **Сабий усэхэр**

СынэхъыщІэу щымытамэ

Розэ цІыкІу сэ къызбгъэдэсщ,
Класс ещанэм дэ дыщІэсщ.
Рустамыжь еплІанэм макІуэ,
Ар зэуэнкІэ Іэкіуэльаэкіуэщ.
Розэ ар къыкІэрохъыжьэ,
ЕкІу-емыкІу абы имыщІэ.
Щигъагъыпи къохъур ар.
Сыт зыхуейр а удэфар?
СынэхъыщІэу щымытамэ,
ХуэфІ сыхъунт сэ а Рустам!

Пхъэ докъутэ

Дадэ сэрэ пхъэ докъутэ,
Дэ ар фІыуэ къыдохъулІэ.
Дадэ джыдэм хуэІэрыхуэщ:
Пхъэ къутапІэм пхъэр хэмыхуэ.
Сригушхуэу соплъ сэ дадэ,
Ар щымыІэ зыхуэзгъадэ.
Нобэ ар си мыгъусамэ,
Схуэкъутэнут мы пхъэ
Іэрамэр?!

Ин сыхъуатэм дадэ хуэдэу,
Сэри пхъэ скъутэнут куэду.

Ди къазыхъур



Ди къазыхъур бзаджэ гуэрщ,
Ар къыпхуожэ, хишу пщэр.
Уэ ущІэпхъуэу уемыжьэжьым,
ПщІэрэ къуищІэр
а бзаджэжьым?
И къазыдзэр къыпхеукІэ,
УиутІыпщынкъым угъыхункІэ.
Угъмэ - ейщ абы дунейр,
Къыптекіуащи - арщ зыхуейр.
Сэ абы сыхуэмышынэ.
«Уит!! - жызоІэ. - ПхуисщІынщ
уи нэр!
Сэ щІымахуэм сыхэхъуащ,
Илъэсипл си ныбжьыр хъущ!»
Дадэ жеІэ: «Уэт лІыхъужь!
Сыт пщІэжьи ди къазыхъужь!»

КЪАГЪЫРМЭС Борис.

Гъэмахуэ

Уафэм и Іэпіохуэм
ПІаплІэу дыгъэр исщ.
Хадэми имыхуэу
Хадэхэкіыр изщ.
ФІыгъуэр фІэлъщ ди санэм,
Пызщ ди щхъырыбейм.
Си къуэш цІыкІу Хьэсанэ
Абы доІэбей.
Ди Іущхьэ щхьэ мати
Плъыжьу къэгъэгъащ.
ДиІэщ дэ мамкъути,
Ди балийри хъуащ.

АФІЭУНЭ Лиуан.

ЩІыІэм къыщІекъуэз

ЩІыІэм хуабжьу къыщІекъуэз,
Уэсым ещІ дунейр хужьыбзэ,
Уаем тІэкІурэ йонькъуэкъури
Бжьыхьэм зрегъэз лъэныкъуэ.
Ей, щІыІэбжь, умыудафэ,
Сэ пхъэчыныр къызогъафэ.
Си щІэщыгъуэщ мы щІымахуэр
Хъуну щытмэ гу щызгъахуэ.

Адакъэжь

Адакъэжьу сыдж плъыжьыжь,
НэгъуэщІ мыхъуми зы
пщэдджьыжь,
Сщхьэщумыхуу уэ си жей,
Хьэтыр уиІэм сыгъэжей!

Хьэрхьуп

Хьэрхьупым мыхъу и гуапэ
Сыкъотэджри абы япэ.
Погуфыкіри си папэ,
«Зэ хэжаи, кхъь, жи, псапэ»!

Мыщэр - циркым

Ущыхэтым уэ цирк джэгу,
Еплъу хъуам зеужь я нэгу,
Уфэфэжу уи джэдыгу,
ДыщІэгъаплъи уэ уи лъэгу,
Дыпхуеуэнущ ину Іэгу!

МЭЗ Аниуар.

Дадэ

Сэ си анэр Динэщ
Динэ и анэр нанэщ.
Сэ си адэр Мэдэщ
Мэдэ и адэр дадэщ.
Ауэ дадэ нэхъыжь дыдэщ,
Ауэ дадэ цІыхуфІ дыдэщ,
Дадэ псоми ди псэм хуэдэщ.

НатІэху



Си шкІэ цІыкІуу си натІэхур
Куэдрэ пщІантІэм сэ дызохур,
ТІэкІу хъуэкІуэну, тІэкІу теуну.
Ауэ, пщІэрэ, къыфІэІуэхукъым
Сыт жысІами, къедэІуэфкъым.
Си япэм иту къыщІопхъуэж,
Бэкъхъым щІэсу сыхуоэзж.
И кІэ цІыкІур мэпІэжьажьэ,
И нэ цІыкІуэр зэщІолыдэ,
Мэжьэгъуашхэ, къызошхыдэ:
«Сэ сыхуейкъым сыхъуэкІуэну,
Сэ сыхуейкъым удзыжь
сшхыну.
Сэ сыхуейщ пІанІу сефэну.
Ущымыту уэ мыбдей,
Хъуну щытмэ, зыгъэхъей!
КІуэи, мамэ къысхуэшэж,
ШІэ пІанІукІэ сыгъэтхъэж!»

ЩОДЖЭН Леонид.

ЧыцІ ерыщхэр

● **Ущие**

Хъуакіуэ къыздикІыжым, пхъэ закъуэ лъэмыжым чыцІитІ зыщІэрихьэлІащ.

Пхъэ закъуэ лъэмыжым техьэри, чыцІитІыр зэпэуващ,тІуми дадзыхьн ядэркъым.

- Щхьэ укъыспэува? Сигъэкі лъэмыжым! Сэ сопІащІэ! - жиІащ зым.

- Уэращ къыспэувар! Сэ сымпІащІэ уи гугъэ? ТекІуэти, сыблэгъэкІ! - идэркъым адрейм.

- Сытекіуэтынукъым. Уэр нэхърэ сынэхъыкІэ? НэхъыкІэм сыкъыльхуа? Уэри текІуэт: сопІащІэ жысІакъэ!

- УщІеГъуэжьынщ, тхьэмыщкІэ, сыкъомыгъэгубжь. Сэ сытэмакъкІэщІ гуэрщ: натІэкІэ сеюнуэнщи, уеэдзыхьнщ лъэмыжьым!

- УблэзгъэкІынукъым!

НатІэкІэ зэжьэхэуэвэри, чыцІитІыр зэныкъуэкъуащ - зэрытегъэкІуакъым.

- Сыту уерыщ, уэ Іейр! - жиІащ зым. - СызэрыпІащІэр пщІэрэ пэт, сыблэбгъэкІыркъым.

- Сэри сопІащІэ, - жиІащ адрейми. - Жэщ къызэрыттехъуар плъагъуркъэ: сэ нэхъ жыжьэ сыкІуэжьнщ. Пшапэр зэхэуэмэ, ди унэр къысхуэгъэтыжьнукъым.

- Дэнэ нэс уздэкІуэжьнур?

- Хьэрэкхъуэрэ нэс сыкІуэжьнущ.

- Сэ Афэбг нэс сыкІуэжьнущ...

- Сэ сынэхъыжьщ, нэмыс къысхуэпщІын хуейщ. Нэхъыжьым гъуэгур ират зэрыхабзэр пщІэркъэ?

- Сыт уи ныбжьыр?

- Уафэгъуагъуэ уэшхышхуэ къыщІешха гъэм сыкъалъхуауэ жаІэ.

- Апхуэдэ ныбжь дэнэ уэ къыздипхар?

- Дуней слъэгъуащ сэ, тІысэ!

- Дуней зылъэгъуарэ ныбжь зиІэрэ ухуейімэ, сэращ! ЩІыр щыхъея гъэм сыкъалъхуащ сэ!

- Укъамылъхуагъаххэрэт уэ Іейр! Лъэмыжым япэ къытехьар сэращ: текІуэти сыблэгъэкІ!

- Уэракъым япэ къытехьар - сэращ! Мо-о-о-дэ укъэсауэ ущыслъэгъуам, сэ лъэмыж дакъэм сытетт.

- ЗэрымыукІытэ ар! Сыблэгъэкі, зо!

- УблэзгъэкІмэ, напэ сиІэкъым!

- ФІы щІэпхынкъым, сыблумыгъэкІмэ!

- Уи ней къысщыхуэ!

ЧыцІ ерыщитІыр, натІэкІэ зэжьэхэуэри, лъэмыжым зэредзыхащ.

Зытхыжар **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.**

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Псэукіэ

Щіэкъулейсызыр дощіэ

Урысей Федерацэм и Президентыр хаха нужь, псом хуэмыдау куэд трагъэжьыхь хъуащ ди щыІэкІэ-псэукІэм. Ди экономикэр дунейм щынэхъыфІхэу тхум яхьыхьэн, ди гъащІэм и кІыхьагъыр ику иту илъэс 80-м нэсын, узыншагъэр хъумэным, егъэджэныгъэм я Іэнатіэхэр къыпхуэмыцІыхуэжыну ефІэкІуэн хуейщ. Мурадхэр инщ икІи дэтхэнэми и кІэм нагъыщэ хэІэтыкІа пыбгъэувэ хъунущ апхуэдизу дахэщи. Арщхьэкіэ Іуэхум и пэжыпІэр щытлъагъукІэ гупсысэ гурымыхьхэм дыхохуэ.

УРЫСЕЙМ лэжьыгъэмрэ псэуныгъэм къызыхъэщыжыныгъэмкІэ и министр Топилин Максим иджыблагъэ жиІащ ди къэралым къулейсызу щыпсэухэм я процент 70-р бын куэд щапІ унагъуэхэр арауэ. Дауи, Америкэр къызэІуихакъым: арыншами гурыІуэгъуэщ къуэ, пхъу нэхьыбэ къэбгъэтэджныныр хуабжьу нэхъ зэрыгугъур. Журналистхэм яфІэгъэщІэгъуэнар нэгъуэщІщ: кулыкъущІэшхуэм зы псалъи кІыжьыдэкІакъым а мызахуагъэм кІэ иратын папщІэ зэфІагъэкІыну я мурадым теухуауэ. Абы щыгъуэми, зи унафэщІ министерствэр ешІэр щы-щыІэр апхуэдэ щытыкІэ мыхъумыщІэ щимыгъэІэн щхьэкІэщ.

Хьэуэ, бын куэд щапІ унагъуэхэр кІэрыІутІыпщ ящІапауэ аракъым: абы-хэм псэуныгъэ и лъэныкъуэкІэ зэрахуэхуэ зы-щІагъакъуэ. Арщхьэкіэ а дэІэпыкъуныгъэр псоми ялъэІэсрэ? Мис абы шэчышхуэ хэлъщ. Бын куэд щапІ унагъуэхэм я зэгухэныгъэм и президент Урбан Еленэ «Аргументы и факты» газетым занщІэу щыжеІэ зи гугъу тщІы адэанэхэм ящыщ куэдыр езыхэм къахуэфащэ льготэхэм зэрыщыІмыгъуаз. Абы зыри хьэлэмэт хэлъ-къым: ахэр я унагъуэхэм къалъыкъуэкІ Іуэхухэм апхуэдизкІэ щІагъэнащи, щыІэ хабзэхэм, ахэр зэрызекІуэм кІэлъыплъыну зэман яІэкъым. Уи гугъэнт мис а Топилиныр зи пашэ Іэнатіэм и Іэнаджэ Іуэхуэм а къалэныр езыхэм я пщэ далъхьжьыну, ауэ абы и пІэкІэ унэгъащхэм льготэхэмрэ пособиехэмрэ къыдахын папщІэ, зэрыжаІэщи, тхылъымпІэ «къэп» зэрагъэпэщын хуейщ. Абы щыгъуэми упсэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу ягъэува ахъшэм унагъуэм щыщ дэтхэнэми хуэзэу зы мыхьэнэншэкІэ щІигъуамэ, зэрыльготэу упыкІащ: абы къокІыр иджы умыкъулейсызыжу. Апхуэдэ хабзэ дыкъуакъуэ щІыщыІэр сыт? Псом хуэмыдэу уасэхэр мыувыІэу щыдэкІуэй зэманым?

Бжьыгъэхэм къызэрагъэпьагъуэмкІэ, 2017 гъэм Урысейм сабийуэ къыщалъхуар илэ ита илъэсым елъытауэ мин 200-м щІигъукІэ нэхъ мащІэщ. Властхэр абы игъэпІейтей хуэдэщ. Псалъэм и къэтыркІэ, анэ мылъкур, ещанэ сабий зэрагъэзатам папщІэ ят ахъшэр нэхъыбэ ящІащ. Арщхьэкіэ бын куэд зиІэхэр гугъу зэрехьыр зыльагъу унагъуэ ныбжьыщІэхэр епІэщІэкІыркъым абыхэм я щапхъэм ирикІуэн. Дэтхэнэ адэ-анэми ещІэ къуэхэмрэ пхъуэхэмрэ къэбгъэтэджныным пыщІа бэлыхьыр. Уи быныр къэбгъэтэджьын къудейкІэ Іуэхур зэфІэкІыркъым, Іэщ Іагъэ ебгъэгъуэтын дэтхэнэри зыщІапсэункІэ къызэбгъэпэщын хуейщ. Лэжьапіэ имыгъуэтмэ-щэ? Мис ар нэхъ гугъэжщ...

Иджы ямыдэж совет лъэхъэнэм щІалэгъуалэм и гур утІыпщат: лэжьыгъи зыхэпсэукІыни яІэт, нэхъыщхьэращи, ящІэрт зэман дэкІмэ, кІэралым фэтэр къызэрыритынур е езым унэ зэрируэнур. Иджы балигъ хъуа уи бын лэжьапІэншэри уи пщэм щыдзэ щыІэщ.

Мис аращ мы тхыгъэм и пэщІэдзэм къэтха щапхъэхэм егъэлеяуэ дыщІамыгъэгуфІэр. Ауэ гугъапІэхэр щыІэщ. Властхэм къагурыІуэ хуэдэщ къаГъэгугъэ къудейкІэ зэрызэфІэмыкІынур: псалъэхэр Іуэху нэрыльагъуэкІэ щІэгъэбыдэн хуейщ.

● Пенсэхэр

КІуэ пэтми нэхъыжь дохъу

Ар хьэлэмэт гуэркъым: упсэухукІэ нэхъыжь уэзрыхъур арыншами гурыІуэгъуэщ. Ауэ, иджы Правительствэр гушыІэу къыщІэкІынукъым.

МАХУЭКУ блэкІам министрхэм я кабинетым Къэрал Думэм къыщыхилъхьащ ди цІыхуэхэр пенсэм щагъакІуэ ныбжьым хэгъэхъуэным теухуа хабзэгъэувпроект: цІыхухъуэхэм папщІэ илъэс 65-рэ, цІыхубзхэм я дежкІэ илъэс 63-рэ. Псори зи ягъэр ди гъащІэр нэхъ кІыхь зэрыхъурщ... ЦІыхуэхэр нэхъыбэрэ мэпсэу, апхуэдэу щыщыткІи, нэхъыбэрэ лэжьэфынущ. Правительствэм нэгъуэщІи тегъэщІапІэ ещІ: Урысейм хуэдэу цІыхуэхэр пасэу пенсэм щагъакІуэ нэгъуэщІ къэрал дунейм теткъым.

Премьер-министр Медведев Дмитрий а унафэр мытыншу, ауэ фІэкІыпІэ имыІэу гъэзэщІэн хуейуэ къилъытащ.

Абы апхуэдэу къыхилъхьащ Лэжьыгъэм и дуней ухуэкІэм и 102-нэ конвенцэри ратификацэ ящІыну. Фигу къэдгъэкІыжынщи, абы цІыхуэхэр псэуныгъэкІэ къызэрызэрагъэпэщ щыкІэм пщалъэ зыбжанэ хуегъэув. А дэфэрым Іэ тридзэмэ, ди къэралыр хабзэ язынікъуэхэм техьэн хуейщ. Абыхэм ящыщ щым къыщыгъэльэгъуащ пенсэ курытыр улахуэ курытым и процент 40-м нэхърэ нэхъ лъахъышэу щыт мыхъуну (ди деж иджыпсту щызекІуэр процент 34-щ). ЕтІуанэ хабзэм къегъэуцу пенсэ щагъакІуэ ныбжьыр илъэс 65-м щхьэдэхьэн хуэмейуэ. Пэжщ, тІэкІу щІрагъэгъуэн хуит ищІынущ, ауэ ар къэралым есым и демографие щытыкІэмкІэ щІигъэбыдэн хуейщ.

Ищхъэрэ палатэм проектыр къищтэмэ, хабзэщІэм лэжьэн щидзэнущ 2019 гъэм. Пенсэ щагъакІуэ ныбжьыр драгъэкІуеинущ хуэм-хуэмурэ - илъэс къэс мазих хагъахъуэурэ.

● Ди гъунэгъухэм я деж

Зэреджэм хуэдэурэ...

Осетие Ищхъэрэ къэрал университетым дзэ кафедрэ къыщыдэгъэгъэпэщыну я мурадщ. ЕджапІэм и пресс-Іуэхущ Іапі эм къыдэритамкІэ, абы и бжэхэр мы гъэм и фокІадэм къыдэІуахыну къыщІэкІынущ. Ауэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, унафэр къэзыштэнур УФ-м ЗыхъумэжныныгъэмкІэ и министерствэм и коллегиерщ.

«МАЗИТІКІЭ дэ а Іуэхум зыхуэдгъэхьэзырынущ 58-нэ армэр ди щІэгъэкъуэну, - жиІащ вузым и ректор Огоев Алан. - УФ-м ЗыхъумэжныныгъэмкІэ и министерствэм къигъэкІуэну комиссэм зэхигъэкІынущ дэ а кафедрэр тхуэгъэлэжьэнумэ».

Фигу къэдгъэкІыжынщи, мы университетым дзэ кафедрэ иІащ 1996 гъэр къэсхуэкІэ. Осетие Ищхъэрэм и адрей вузхэм апхуэдэ кафедрэхэр зэи щыІакъым

● Дэнэ сыт къыщыхъуа?

Пащтыхьыпіэр тыншт

Сыбырым къикІыу, зыплъыхьакІуэ Санкт-Петербург кІуэ щІалэм и нэгу дэгъуэзу зригъэжьащ.

«МУЗЕЙКІЭ музейщ, арщхьэкІэ килька къызэрытепхын щІэлъхьым!» Дэ тщІэркъым Иркутск областым щыщ Лапаев Дмитрий Райкин Аркадий а и псалъэхэр щІэжми, арщхьэкІэ фадэр зи нэрыгъ ар артист цІэрыІуэм текІуэжащ.

Туристэ нэжэгужэр император Павел Езанэм и унэ уардэм и дежкІэ къыщыхутащ. Пщыхьэщхьэр зэкІуэтати, гъуэлъыжьыгъуэ хъуат. Куэдрэ мыгупсысуэ, япэ къатым и щхьэгъубжэхэм ящыщ гуэр Іуихри, пащтыхь гуащэ Марие Фёдоровнэ и пэшым къыщІэхутащ. Илъэсгъуэ тельыдджэт: псори дахэт, унэльащІэхэри блынхэм яфІэльэ сурэтхэри. Нэхъыщхьэращи, зыми къыгъэпІейтейкъым, уеблэмэ, хъумакІуэхэми. Аркъэ птулькІэ ирифу, Дмитрий нэху къекІыхукІэ зыщигъэпсэхуащ пащтыхь гуащэм и пІэм. ЩыщІэкІыжьым, хьэпшып цІыкІу къыщІащ, игу ирихьати: домбеякъым къыхущІыкІа статэутхэ. И уасэри жьгъеит: сом мелуани 5 къудейт! Видеокамерэхэр мыхъуамэ, зыми гу къыльитэнутэкъым. Иджы хабзэм и пащхьэм жэуап тКІий цихьыхь хуей хъунущ.

● Австралие

Австралием и цІыху мелуани 2-рэ мин 400-рэ щыпсэу Брисбен къалэр а къэралым щынэхъ хабзэ дыдэхэм икІи шынагъэншэхэм ящыщщ. Мыр цІэрыІуэщ властхэр хабзэр зэтеІыгъэным тКІийуэ щыкІэльыплъ жылагъуэу зэрыщытымкІэ. Абы къыдэкІуэуи ущыпсэуну тынншщ.

● ФІыгъуэхэр

Долларым дыкъэпыкІрэ?

Иужь зэманым платинэ гупым хэт фІыгъуэхэу къыщІахэм нэхъ псынщІэу хохьуэ дыщэм нэхърэ. 2018 гъэм и япэ мазитІым ар процентэ 6,4-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Нэхъыбэжщ дыжьыну къыІэрыхьэр - процент 18,3-рэ. Апхуэдэ хъыбар къыдигъэщІащ Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым.

ПЛАТИНЭ гупым хохьэ металл лІэужьыгъуих: рутений, родий, паладий, осдий, иридий, еэы платинэр. ИкъуэскъужкІэ зэрыльапІэм къыхэкІыу абыхэм дыщэм хуэдэу уасэхэр щызэІэпахкІэ тыншу зэрахъуэкІ тхылъымпІэ ахъшэхэр - хамэ къэрал валютэр. Аращ КъухьэпІэм къыдиІыщІа санкцэхэм дыщыхэт мы зэманым мы Іуэхум апхуэдизу мыхьэнэшхуэ щІиІэр.

Дыщэу къыщІахьым и куэдагъым зэрызиІэтар процентитІ къудейщ. Ауэ ари ехъулІэныгъэшхуэщ. Иджы ди къэралым и апхуэдэ гъэтІылъыгъэхэр тонн минитІым нэсащ. Абы щыгъуэми, нэгъабэ и закъуэ тонн 224-кІэ заІэтащ. Зы мащІэ фІэкІа хамыгъахъуэми, Урысейм и дыщэ гъэтІылъыгъэхэр илъэсиплІ дэкІмэ тонн мини 3 зэрыхъунуми шэч хэлъкъым. А псори дызыхуей дыдэщ накъыигъэм и 8-м - Ищхъэрэ палатэм къыщыпсалъэм Урысеймрэ нэгъуэщІ къэралхэмрэ ахъшэхэр щызэІэпахкІэ долларым къыпыкІыну Президент Путин Владимир зэрыжиІам къыхэкІыу.

Джэгум и япэ дакъикъэхэм наІуэ хъуащ ди щІалэхэр я хьэрхуэрэгъуэхэм зыкІи къаззэрыпимыкІуэтыр. Уеблэмэ щефІэкІыр нэхъыбэрэт. Апхуэдэу щыт пэтми, япэ дакъикъэ плІыщІрэ тхур текІуэдащ зым и тІасхъэр адрейм къикутэным. ЗафІэгъэпсхуу къихьэжа иужькІэщ топджэгу нэсым щыщІидзар.

47-нэ дакъикъэр насыпыфІэ хуэхъуащ Урысей Федерацэм и командэм. Абы и ебгъэрыкІуэныгъэхэм ящыщ зым Зобнин Роман я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм еуащ. Ар къызэрехьулІаищи щыІэкъым, ауэ топыр техуащ къыпэщІэуэ Мысырым и гуп къыхэхам и капитан Фатхьи Ахьмэд и лъакъуэм икІи, зигъазэри, хуэм дыдэурэ гъуэм дихьащ.

ЗэрымыщІэкІэ бжьыгъэ къызэрызэІуахам хэгъэрейхэр тригъэгушхуащ. ХьэщІэхэм я дежкІэ ар удыныншхуэ хъуащ. Мысырэхэм иджыри дакъикъэ зыбгъупщІкІэ захъумэжьфащ, ауэ адэкІэ я дежгукІэр къызэтещхащ.

59-нэ дакъикъэм Черышев Денис бжьыгъэр игъэбгъуащ. Ар ещанэу мы дуней-псо чемпионатым къыщыхэжаныкІащ икІи Португалием и пашэ Роналду Криштиану дэщІыгъуэ гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ.

Дакъикъищ дэкІри, бжьыгъэр 3:0-м нигъэсащ Дзюбэ Артём. Джэгугъуэ етІуанэ хъуауэ абыи и хьэрхуэрэгъуэхэм я жагъуэ ещІ. Артём и гуфІэгъуэр уафэм нэсырт, и зэфІэкІым кІэрыхуауэ къалъытэу бэджэнду зыта къалэм и стадион нэхъыщхьэм къызэрыщыхэжаныкІам къыхэкІыу.

Джэгур иухыным сыхьэт ныкъуэ къэнэжами, гурыІуэгъуэт Урысей Федерацэм текІуэныгъэр зэрызыІэщІимыгъэкІынур. Абы къикІырт зэи къэмыхъуауэ ар гуп зэпеуэм къызэрызэхэкІынур. Иужь дыдэу апхуэдэ ди къэралым щызэхэфІэкІар 1986 гъэращ. Абы щыгъуэм, иджы щымыІэж Совет Союзым и командэм адэкІэ кІуэтэну хуэзэфІэкІауэ щытащ.

0:3-уэ къыхагъащІэ пэтми, Салахь Мухьэммэд къахуэгъэдзыхакъым. 73-гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ.

Дакъикъищ дэкІри, бжьыгъэр 3:0-м нигъэсащ Дзюбэ Артём. Джэгугъуэ етІуанэ хъуауэ абыи и хьэрхуэрэгъуэхэм я жагъуэ ещІ. Артём и гуфІэгъуэр уафэм нэсырт, и зэфІэкІым кІэрыхуауэ къалъытэу бэджэнду зыта къалэм и стадион нэхъыщхьэм къызэрыщыхэжаныкІам къыхэкІыу.

Джэгур иухыным сыхьэт ныкъуэ къэнэжами, гурыІуэгъуэт Урысей Федерацэм текІуэныгъэр зэрызыІэщІимыгъэкІынур. Абы къикІырт зэи къэмыхъуауэ ар гуп зэпеуэм къызэрызэхэкІынур. Иужь дыдэу апхуэдэ ди къэралым щызэхэфІэкІар 1986 гъэращ. Абы щыгъуэм, иджы щымыІэж Совет Союзым и командэм адэкІэ кІуэтэну хуэзэфІэкІауэ щытащ.

0:3-уэ къыхагъащІэ пэтми, Салахь Мухьэммэд къахуэгъэдзыхакъым. 73-нэ дакъикъэм Урысей Федерацэм и гуп къыхэхам и футболистхэр пэмыльэщыжьыхxэу ар ираудащ. Іуэхур къыщыхьуар штрафнойм и ихьэпІэ дыдэрати, судьяхэм видеодэІэпыкъуэгъур къагъэсэбэпын хуей хъуащ. Абы къигъэльэгъуащ мысырхэм я пашэм пенальти къызэрилэжьар. Ар езым Іэзэу игъэзащІэри, бжьыгъэ нэхъ езэгърабгъу ищІащ - 3:1.

Къэнэжа зэманым ди щІалэхэм нэхъ захъумэжащ. Абыхэм яхуэзфІэкІащ Мысырым и ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэм япэщІэтын.

Зэхъэзэхуэм и пэщІэдзэ зэІущІитІми щытекІуащ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар. Ди къэралым апхуэдэ щыхуэзфІэкІар 1966 гъэм Инджылызым щекІуэкІа дунейпсо чемпионатращ. Абы щыгъуэм Совет Союзым и лъагапІэ нэхъ ин дыдэр зыІэригъэхьащ икІи финал ныкъуэм нэсри зэхьэзэхуэм жэз медалхэр къыщратауэ щытащ. Къытригъэзэжыну пІэрэ а зэман тельыджэм?

Адрей гупхэм зэхьэзэхуэм и япэ джэгугъуэр щиуха къудейщ икІи хэт адэкІэ кІуэтэнуми зэкІэ гурыІуэгъуэкъым. Абы лъэбакъуэфІ хуичащ Бельгием и командэ къыхэхам, Панамэм и футболистхэр бжьигъэшхэкІэ, 3:0-у, хигъащІэри. Инджылызхэр нэхъ гугъу ехьащ. Джэгум къыщІагъуа дакъикъэхэращ аэр Тунисым 2:1-уэ щефІэкІыфар. Арати, зэрыхуагъэфэщауэ, Бельгиемрэ Инджылызымрэ «G» гупым бжьыпэр щаубыдащ.

Іуэхур щызэхэзэрыхьащ «Н» гупым. Абы бжьыгъэ зэщхькІэ, 2:1-уэ, Сенегалыр Польшэм щытекІуащ, Япониер Колумбием щефІэкІащ.

«F» гупым Швециер ерагъкІэ Кореем щытекІуащ, зы топ закъуэ худиІэкІри. Ар хуабжьу гугъу ехьынущ Германиемрэ Мексикэмрэ иригъэкІуэтэкІын папщІэ.

Блыщхь дызыхуэкІуэ Урысей Федерацэм и футболистхэр Іущ Іэнущ Ургавайм и командэ къыхэхам. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкІэ, ахэр щІэбэнынущ гупым и япэ увыпІэм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

«А» гупым зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. Урысей Федерацэ	2	2	0	0	8-1	6
2. Уругвай	1	1	0	0	1-0	3
3. Мысыр	2	0	0	2	1-4	0
4. Сауд Хьэрып	1	0	0	1	0-5	0

Черышев Денис (№6) дунейпсо чемпионатым ещанэ топыр щыдигъэкІащ.

Псом япэу адэкІэ мэкІуатэ

Дунейпсо чемпионатхэм я кІэух зэхьэзэхуэхэм зэи къыщымыхъуауэ Урысей Федерацэм и футболистхэр гуп зэпеуэм къыхэкІащ. Вэсэмахуэ ар къыщыхъуащ ищхъэрэ къалащхьэм и стадионым щекІуэкІа Сенегалыр - Колумбиэ мы гъэм и фокІадэм къызэІуахыну щыІэкІынущ. Ауэ, зэрыгурыІуэгъуэщи, унафэр къэзыштэнур УФ-м ЗыхъумэжныныгъэмкІэ и министерствэм и коллегиерщ.

Текіуэныгъэм и дэрэжэгъуэ.

ФУТБОЛЫМКІЭ XXI дунейпсо чемпионатыр Урысей Федерацэм щекІуэкІ пэтми, мащІэт хуэзыгъэфэщар ди командэм апхуэдэу лъэщу зэхьэзэхуэр иригъэжьыну. Псоми ящІэжыр Черчесов Станислав и гъэсэнхэм я джэгукІэр яхуэзэтемыгъэувэу хуабжьу гугъу зэрехьар икІи зэпеуэ иным зэрырихьэлІар зэкІэлъхъэжьку джэгугъуиблым зыри хамыгъэщІэфауэ. Дауи, псалъэмакъ тКІийкэр къежьащ. Къэзыгъэуви щыІэт футболистэхэм тренерэхэри икІэщыпІэкІэ хъуэжьын хуейуэ. Арщхьэкіэ епІэщІэкІакъым икІи кІэрикІуэр нэрылъагъущ.

КъатехъущІыхь къомым ягъэгубжьа ди щІалэхэм я зэфІэкІ псори утыку кърахьэн хуей хъуащ япэ джэгугъуэм и пэщІэдзэ дакъикъэхэм щегъэжьауэ. Армырамэ кІуапІи-жапІи къратынутэкъым, я напэри текІынут. Сауд Хьэрыпыр зэрыхагъэщІа щІыкІэм къытедгъэзэжьнкъым, ауэ къыхэдгъэщынщ абы мыхьэнэшхуэ дыдэ зэрирар Урысей Федерацэм и футболистхэм я къарур я фІэщ хьэужьын, тегушхуэн папщІэ.

«А» гупым и етІуанэ джэгугъуэм къигъэльэгъуэн хуейт ди щІалэхэм я зэфІэкІыр здынэсыр. Абыхэм къапэщІэтт Африкэм нэхъыбэ дыдэрэ и чемпион хъуа, Инджылызым и футболист нэхъыфІу иджыблагъэ къалъыта Салахь Мухьэммэд зи пашэ Мысырым и командэ къыхэхар. Япэ джэгугъуэм и иужь дыдэ дакъикъэхэм фирхьэунэхэм (аращ зэреджэр мысыр футболист нэхъыфІхэм) зэІущІэр зэрыфІахьам адэкІэ къикІуэтыпІэ къаритыжьыртэкъым. Уеблэмэ, абыхэм икІэщыпІэкІэ къызэфІагъэувэжащ мазэ ипэкІэ игъуэта фэбжьыр зымыгъэхъужьыпа я тхьэпэлъытэ Салахь. ЯІэрт, ар яхэмытмэ, теКІуэныгъэ зэрамыІэнур.

Урысей Федерацэм щызэхэтыну футболымкІэ XXI дунейпсо чемпионатым папщІэ сом мелардым щІигъу трагъэкІуадэу яуху «Санкт-Петербург» стадион дахащэм, дауи, цІыхур изт. Абыхэм къапэплъэрт куэд щызэхэкІыну зэІущІэ хьэлэмэт.

Джэгум и япэ дакъикъэхэм наІуэ хъуащ ди щІалэхэр я хьэрхуэрэгъуэхэм зыкІи къаззэрыпимыкІуэтыр. Уеблэмэ щефІэкІыр нэхъыбэрэт. Апхуэдэу щыт пэтми, япэ дакъикъэ плІыщІрэ тхур текІуэдащ зым и тІасхъэр адрейм къикутэным. ЗафІэгъэпсхуу къихьэжа иужькІэщ топджэгу нэсым щыщІидзар.

47-нэ дакъикъэр насыпыфІэ хуэхъуащ Урысей Федерацэм и командэм. Абы и ебгъэрыкІуэныгъэхэм ящыщ зым Зобнин Роман я хьэрхуэрэгъуэхэм я гъуэм еуащ. Ар къызэрехьулІаищи щыІэкъым, ауэ топыр техуащ къыпэщІэуэ Мысырым и гуп къыхэхам и капитан Фатхьи Ахьмэд и лъакъуэм икІи, зигъазэри, хуэм дыдэурэ гъуэм дихьащ.

ЗэрымыщІэкІэ бжьыгъэ къызэрызэІуахам хэгъэрейхэр тригъэгушхуащ. ХьэщІэхэм я дежкІэ ар удыныншхуэ хъуащ. Мысырэхэм иджыри дакъикъэ зыбгъупщІкІэ захъумэжьфащ, ауэ адэкІэ я джэгукІэр къызэтещхащ.

59-нэ дакъикъэм Черышев Денис бжьыгъэр игъэбгъуащ. Ар ещанэу мы дуней-псо чемпионатым къыщыхэжаныкІащ икІи Португалием и пашэ Роналду Криштиану дэщІыгъуэ гъуащхьауэхэм я зэпеуэм бжьыпэр щиубыдащ.

Дакъикъищ дэкІри, бжьыгъэр 3:0-м нигъэсащ Дзюбэ Артём. Джэгугъуэ етІуанэ хъуауэ абыи и хьэрхуэрэгъуэхэм я жагъуэ ещІ. Артём и гуфІэгъуэр уафэм нэсырт, и зэфІэкІым кІэрыхуауэ къалъытэу бэджэнду зыта къалэм и стадион нэхъыщхьэм къызэрыщыхэжаныкІам къыхэкІыу.

Джэгур иухыным сыхьэт ныкъуэ къэнэжами, гурыІуэгъуэт Урысей Федерацэм текІуэныгъэр зэрызыІэщІимыгъэкІынур. Абы къикІырт зэи къэмыхъуауэ ар гуп зэпеуэм къызэрызэхэкІынур. Иужь дыдэу апхуэдэ ди къэралым щызэхэфІэкІар 1986 гъэращ. Абы щыгъуэм, иджы щымыІэж Совет Союзым и командэм адэкІэ кІуэтэну хуэзэфІэкІауэ щытащ.

0:3-уэ къыхагъащІэ пэтми, Салахь Мухьэммэд къахуэгъэдзыхакъым. 73-нэ дакъикъэм Урысей Федерацэм и гуп къыхэхам и футболистхэр пэмыльэщыжьыхxэу ар ираудащ. Іуэхур къыщыхьуар штрафнойм и ихьэпІэ дыдэрати, судьяхэм видеодэІэпыкъуэгъур къагъэсэбэпын хуей хъуащ. Абы къигъэльэгъуащ мысырхэм я пашэм пенальти къызэрилэжьар. Ар езым Іэзэу игъэзащІэри, бжьыгъэр нэхъ езэгърабгъу ищІащ - 3:1.

Къэнэжа зэманым ди щІалэхэм нэхъ захъумэжащ. Абыхэм яхуэзфІэкІащ Мысырым и ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэм япэщІэтын.

Зэхъэзэхуэм и пэщІэдзэ зэІущІитІми щытекІуащ Урысей Федерацэм и командэ къыхэхар. Ди къэралым апхуэдэ щыхуэзфІэкІар 1966 гъэм Инджылызым щекІуэкІа дунейпсо чемпионатращ. Абы щыгъуэм Совет Союзым и лъагапІэ нэхъ ин дыдэр зыІэригъэхьащ икІи финал ныкъуэм нэсри зэхьэзэхуэм жэз медалхэр къыщратауэ щытащ. Къытригъэзэжыну пІэрэ а зэман тельыджэм?

Адрей гупхэм зэхьэзэхуэм и япэ джэгугъуэр щиуха къудейщ икІи хэт адэкІэ кІуэтэнуми зэкІэ гурыІуэгъуэкъым. Абы лъэбакъуэфІ хуичащ Бельгием и командэ къыхэхам, Панамэм и футболистхэр бжьигъэшхэкІэ, 3:0-у, хигъащІэри. Инджылызхэр нэхъ гугъу ехьащ. Джэгум къыщІагъуа дакъикъэхэращ аэр Тунисым 2:1-уэ щефІэкІыфар. Арати, зэрыхуагъэфэщауэ, Бельгиемрэ Инджылызымрэ «G» гупым бжьыпэр щаубыдащ.

Іуэхур щызэхэзэрыхьащ «Н» гупым. Абы бжьыгъэ зэщхькІэ, 2:1-уэ, Сенегалыр Польшэм щытекІуащ, Япониер Колумбием щефІэкІащ.

«F» гупым Швециер ерагъкІэ Кореем щытекІуащ, зы топ закъуэ худиІэкІри. Ар хуабжьу гугъу ехьынущ Германиемрэ Мексикэмрэ иригъэкІуэтэкІын папщІэ.

Блыщхь дызыхуэкІуэ Урысей Федерацэм и футболистхэр Іущ Іэнущ Ургавайм и командэ къыхэхам. Зэрыхуэбгъэфащэ хъунумкІэ, ахэр щІэбэнынущ гупым и япэ увыпІэм.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

Мысырым и командэм и пашэ Салахь Мухьэммэд (№10) къыдобгъэрыкІуэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
Жьэкіэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), ЖылаСэ Заурбэч (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Ширдий Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Истэнан Залинэ, Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, Щхьэщэмыщ Иэ.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ игъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапі эхэм ядэлэжьэныныкІэ - 42-60-53; къызбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-89; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэрэтехым - 42-75-78.

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщыдэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэр редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапі эм ПИ №ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДышэкІ Соня,** *редактору* **ЖылаСэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(2, 3, 5-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 4, 6 -нэ нап.). КомпьютеркІэ газетым и теплъэр ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *суэрэтхэм елэжьащ* **Бицу Жанэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 1.901 ● Заказ №617